



Delaware

Department of Education

PWOSEDI PWOTEKSYON DELAWARE SOU DWA PARAN AK TIMOUN NAN EDIKASYON ESPESYAL

Dapre Pati B Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo,
ak Règleman Leta ak Federal ki Jere Edikasyon Espesyal

Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo Jiyè 2023

Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210 | Faks: (302) 739-2388
<https://education.delaware.gov/>

Dokiman sa a disponib nan plizyè lang nan: <https://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>
Tanpri, kontakte Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo si w bezwen yon tradiksyon adisyonèl.

TAB MATYÈ

PWOSEDI PWOTEKSYON YO.....	1
Ki sa Pwosedri Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal yo ye?.....	1
Kilè yo bay Avi sou Pwosedri Pwoteksyon an?	1
ENFÒMASYON JENERAL	2
Ki sa Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ye?	2
Ki kèk tèm kouran nan edikasyon espesyal la?	2
Ki kote mwen ka jwenn plis èd?.....	2
PATISIPASYON PARAN YO NAN REYINYON YO.....	4
Ki jan yo pran desizyon konsènan bezwen edikasyon espesyal pitit mwen an?	4
Kisa yon reyinyon ekip IEP ye?	4
Kòman pou mwen patisipe nan reyinyon ekip IEP pitit mwen an?.....	4
Èske lekòl la ka òganize yon reyinyon ekip IEP si mwen pa kapab ale?	5
Èske tout manm ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon an?	5
AVI REYINYON EKIP IEP	5
Ki jan yo pral fè m konnen pou m patisipe nan yon reyinyon ekip IEP?	5
Ki enfòmasyon Avi Reyinyon an genyen?	5
AVI KI EKRI DAVANS.....	6
Kòman yo pral enfòme m sou desizyon ki gen rapò ak pwogram edikasyon espesyal pitit mwen an? .	6
Kilè y ap banm yon Avi ki Ekri Davans?.....	6
Kisa Avi Ekri Davans lan pral di m?.....	6
Èske mwen ka resevwa avi a pa mwayen elektwonik?	7
KONSANTMAN PARAN	7
Kisa konsantman paran ye?	7
Kilè konsantman parantal mwen an nesèsè?	7
Èske mwen ka refize oswa anile konsantman paran an?	7
E si timoun nan plase sou kont Leta nan eta a?	8
NOMINASYON PARAN RANPLASAN POU EDIKASYON	8
E si yo pa ka idantifye oswa lokalize paran an?	8
Ki wòl yon paran ranplasan?	8
Ki jan yo nonmen yon paran ranplasan?	8
Kilè wòl yon paran ranplasan fini?.....	9
EVALYASYON YO.....	9
Kisa yon evalyasyon ye?	9
Nan ki delè pou konplete yon evalyasyon?	9
EVALYASYON EDIKASYON ENDEPANDAN YO.....	9
Èske yo ka evalye pitit mwen an poukont li sou frè lekòl la?	9
Ki kondisyon ki genyen pou yon evalyasyon endepandan?	10
ELIJIBILITE	10
Ki jan yo detèmine elijibilite a?.....	10

PWOGRAM EDIKASYON ENDIVIDYÈL.....	10
Ki sa ki yon IEP?.....	10
PLAN TRANZISYON POU LAVI JÈN ADILT YO.....	11
Ki sa planifikasyon tranzisyon an ye?	11
TRANSFÈ DWA LÈ YO NAN LAJ MAJORITE	11
Ki dwa mwen genyen lè pitit mwen an rive nan dizwit (18) lane?	11
Kisa k ap pase si elèv jèn adilt mwen an pa gen kapasite pou pran desizyon sou edikasyon l?.....	12
AKSÈ A DOSYE SOU EDIKASYON.....	12
Èske mwen ka egzamine dosye edikasyon pitit mwen an?	12
MEDYASYON	13
Èske mwen ka mande medyasyon pou rezoud dispit ant mwen ak lekòl la?	13
PWOSEDI ODYANS JIDISYÈ.....	14
Ki sa ki yon pwosedi odyans jidisyè?.....	14
Kouman pou mwen mande yon odyans?.....	14
E si plent mwen an pa gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo?	15
Konbyen tan yon pwosedi odyans jidisyè pran?	15
Èske mwen ka fè chanjman nan plent pou pwosedi odyans jidisyè mwen an aprè m fin depoze li? ...	15
Èske lekòl la dwe reponn plent pou pwosedi odyans jidisyè mwen an?	16
Ki dwa mwen genyen nan pwosedi jidisyè a?.....	16
Èske etablisman pitit mwen an chanje pandan pwosedi a?	17
Ki sa ki yon reyinyon rezolisyon?	17
Ki sa peryòd rezolisyon an ye?.....	18
Ki sa k ap pase si mwen pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an?	18
E si lekòl la pa fè reyinyon rezolisyon an?.....	18
Ki sa desizyon odyans jidisyè a pral genyen ladan l?.....	18
Èske yo ka fè apèl kont desizyon odyans lan?.....	19
Ki moun ki peye frè avoka mwen yo?.....	19
Kiyès ki peye frè avoka lekòl la?	19
PWOSEDI POU POTE PLENT DEVAN ETA A.....	20
Èske genyen lòt fason pou rezoud diskisyon sou edikasyon pitit mwen an?	20
Ki diferans ki genyen ant pwosedi odyans jidisyè ak pwosedi plent devan Eta yo?.....	20
Kòman pou mwen depoze yon plent devan Eta a?.....	20
Ki jan Depatman an jere plent devan Eta a mwen an?	21
PWOSEDI POU DISIPLINE TIMOUN KI ANDIKAPE YO	22
Èske yo ka sispann oswa mete pitit mwen an deyò?	22
Èske pitit mwen an ap resevwa sèvis pandan yo sispann li oswa mete l deyò nan lekòl la?.....	22
Ki sa yon chanjman etablisman pou rezon disiplinè ye?.....	22
Ki mezi lekòl la dwe pran pou chanje etablisman pitit mwen an pou rezon disiplinè?.....	23
Ki sa k ap pase nan yon reyinyon sou desizyon manifestasyon?	23
E si ensidan konpòtman an te yon manifestasyon andikap pitit mwen an?.....	23
E si ensidan konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap pitit mwen an?.....	23
Èske gen sikonstans espesyal kote yo ka mete pitit mwen an nan yon etablisman edikatif pwovizwa?.....	24
Èske genyen lòt rezon ki fè pitit mwen an ka plase nan yon etablisman edikatif altènatif pwovizwa?.....	24
Ki sa ki yon pwosedi odyans jidisyè akselere?.....	24
Èske etablisman pitit mwen an chanje pandan pwosedi odyans jidisyè akselere a?	25

Èske pitit mwen an benefisye pwoteksyon si li pa t idantifye kòm yon timoun ki bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis ki genyen menm rapò yo avan?.....	25
Èske lekòl la ka rapòte konpòtman pitit mwen an bay yon ajans ki fè respektè lalwa?	26

TIMOUN KI NAN LEKÒL PRIVE YO.....	26
Ki lè ranbousman pou ekolaj obligatwa nan lekòl prive yo dwe fèt?.....	26
Kilè yo ka diminye oswa refize ranbousman pou depans lekòl prive yo?.....	26
Kilè yo pa ka diminye oswa refize ranbousman an?	27

ANÈKS.....	A-i
Fòmilè Demann Medyasyon pou Edikasyon Espesyal.....	A-1
Fòmilè pou Plent pou Pwosedi Jidisyè ak Demann pou Odyans Jidisyè	A-2
Fòmilè Plent devan Eta a pou Edikasyon Espesyal	A-3

*Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo*

**PWOSEDI PWOTEKSYON DELAWARE
SOU DWA PARAN AK TIMOUN NAN EDIKASYON ESPESYAL**

*Dapre Pati B Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo,
ak règleman Eta epi Federal ki jere edikasyon espesyal*

PWOSEDI PWOTEKSYON YO

Kisa Pwosedè Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal yo ye?

Enfòmasyon sa a ba w kòm paran, gadyen legal, ak paran ranplasan edikatif timoun ki gen andikap yo, yon apèsi sou dwa w nan zafè edikasyon, pafwa yo refere a yo kòm Pwosedè Pwoteksyon. Enfòmasyon sa yo se Avi sou Pwosedè Pwoteksyon (Avi) ou, jan Lwa sou Edikasyon pou Moun Andikape yo (IDEA) ak règleman eta a epi federal ki jere dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak yo. Yo bay elèv ki gen dwa sa yo Avi sa a tou lè yo gen dizwit lane (18).

Kilè yo bay Avi sou Pwosedè Pwoteksyon an?

Yo dwe ba w Avi sou Pwosedè Pwoteksyon yo pou pi piti yon (1) fwa nan yon ane lekòl; epi:

- (1) Premye fwa yo refere pitit ou a pou yon evalyasyon edikasyon espesyal;
- (2) Nenpòt lè ou mande pou pitit ou a resevwa yon evalyasyon pou edikasyon espesyal;
- (3) Premye fwa ou depoze yon plent pou pwosedè jidisyè oswa yon plent devan eta a nan yon ane lekòl;
- (4) Chak fwa ou mande yon kopi Avi sou Pwosedè Pwoteksyon an;
- (5) Nan chak reyinyon ekip IEP; epi
- (6) Chak fwa lekòl la pran yon desizyon 1 pou chanje etablisman edikasyon pitit ou a akòz yon vyolasyon kòd konduit lekòl la (si pitit ou a gen dwa a pwoteksyon disiplinè IDEA).

Pwosedè Pwoteksyon Delaware la sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal disponib tou nan: <https://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>

¹ Yo itilize tèm lekòl la nan tout Avi sa a pou dekri kèlkeswa ajans edikasyon piblik ki responsab pou bay pitit ou a pwogram edikasyon espesyal la, tankou lekòl endepandan yo ak lekòl distri yo.

ENFÒMASYON JENERAL

Kisa Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ye?

IDEA a se yon lwa federal ki egzije pou lekòl yo bay timoun andikape yo yon edikasyon piblik gratis. Yo refere yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye kòm FAPE epi li vle di edikasyon espesyal ki se ansèyman ki fèt espesyalman bay pitit ou atravè yon pwogram edikasyon endividyèl, oswa IEP, anba sipèvizyon piblik, ki gratis. FAPE dwe endividyalize pou satisfè bezwen inik pitit ou a, bay pitit ou a benefis enpòtan selon potansyèl pitit ou a, epi bay pitit ou a aprantisaj enpòtan.

Kisa kèk tèm ki komen nan edikasyon espesyal yo ye?

Se ekip IEP a ki ekri IEP pitit ou a nan yon reyinyon ekip IEP ki fèt o mwen yon fwa pa ane, e ki enkli paran yo kòm patisipan yo. IEP a dwe genyen sèten dispozisyon ki obligatwa, ki gen ladan, men pa limite a yon nivo aktyèl sikse akademik ak pèfòmans fonksyonèl pitit ou a, yon objektif anyèl mezirab, yon deklarasyon sou sèvis espesyalize ak sipò pitit ou bezwen, yon lis akomodasyon ki nesèsè pou klas yo ak evalyasyon, ak yon eksplikasyon sou kantite tan pitit ou a p ap patisipe nan klas edikasyon regilye. Lekòl la dwe bay rapò regilye sou pwogrè pitit ou a pou l atenn objektif IEP yo. Sèvis edikasyon espesyal yo dwe bay nan anviwònman ki gen mwens restriksyon, oswa LRE, ki vle di pitit ou a ta dwe ale nan klas epi patisipe nan lòt aktivite ak timoun ki pa gen andikap otank posib, dapre bezwen edikasyonèl pitit ou a. Antanke paran, ou ka bay oswa refize konsantman pou sèten aksyon anvan lekòl la kapab aji.

Ki kote mwen ka jwenn plis èd?

Lè w gen yon enkyetid konsènan edikasyon pitit ou a, li enpòtan pou w rele oswa kontakte pwofesè oswa administrasyon pitit ou a pou w pale de pitit ou a sou nenpòt pwoblèm oswa enkyetid ou genyen. Anplwaye lekòl la ka reponn kesyon sou edikasyon pitit ou a, dwa w ak pwosedi pwoteksyon yo. Lè w gen yon enkyetid, konvèsasyon an ak anplwaye lekòl la ka rezoud pwoblèm nan epi ede kenbe yon komunikasyon ouvè.

Ou ka kontakte tou sipèvizè lokal edikasyon espesyal pou lekòl distri a oswa lekòl endepandan yo. Remake, Règleman Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) lan ki jere edikasyon espesyal yo disponib nan: <http://regulations.delaware.gov/AdminCode/title14/900/index.shtml>

Pou plis enfòmasyon sou sèvis edikasyon espesyal, ou ka kontakte:

Direktè, Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-2388
<https://education.delaware.gov/>

W ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib lè w kontakte:

Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Inc.

Sitwèb: www.picofdel.org

Imèl: picofdel@picofdel.org

Biwo Konte New Castle:

404 Larch Circle

Wilmington, DE 19804

Telefòn: (302) 999-7394

Faks: (302) 999-7637

Nimewo Gratis: (888) 547-4412

Biwo Konte Kent:

1675 S. State Street

Dover, DE 19901

Faks: (302) 999-7394

Nimewo Gratis: (888) 547-

4412

Biwo Konte Sussex:

221 High Street, Unit 106B

Seaford, DE 19947

Nimewo Gratis: (888) 547-

4412

Patnarya Edikasyon Espesyal la pou Rezolisyon Amikal Konfli (SPARC) a

Sitwèb: <https://www.bidenschool.udel.edu/ipa/serving-delaware/crp>

Imèl: sparc-info@udel.edu

Pwogram pou Rezoud Konfli a

180 Graham Hall

Enstitisyon pou Administrasyon Piblik

Inivèsite Delaware

Newark, DE 19716

Telefòn: (302) 831-8971

Sosyete Èd Legal Kominotè, Inc., Pwogram pou Dwa Moun ki Andikape yo

Sitwèb: <http://www.declasi.org/disabilities-law-program/>

Konte New Castle:

100 West Tenth Street, Suite 801

Wilmington, DE 19801

Telefòn: (302) 575-0660

(302) 575-0696 (TTY/TDD)

Nimewo gratis: (800) 292-7980

Konte Kent:

840 Walker Road

Dover, DE 19904

Telefòn: (302) 674-8500

(302) 674-9430 (TTY/TDD)

Nimewo gratis: (800) 537-8383

Konte Sussex:

Georgetown Professional Park

20151 Office Circle

Georgetown, DE 19947

Telefòn: (302) 856-0038

(302) 856-7491 (TTY/TDD Tou)

Nimewo gratis: (800) 462-7070

Sèvis Legal Volontè Delaware, Inc.

Sitwèb: <https://www.dvls.org/>

Imèl: tventresca@dvls.org

Wilmington Telefòn: (302) 478-8680

Telefòn konte Sussex oswa konte Kent: (888) 225-0582

PATISIPASYON PARAN NAN REYINYON YO

Ki jan yo pran desizyon konsènan bezwen edikasyon espesyal pitit mwen an?

Yo pran desizyon sou bezwen ak sèvis edikasyon espesyal pitit ou a nan reyinyon ekip yo. Antanke paran yon timoun andikape, ou gen dwa pou patisipe nan reyinyon konsènan idantifikasyon pitit ou a kòm yon timoun andikape, evalyasyon bezwen edikasyon espesyal pitit ou a, detèmine si pitit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal, devlopman, revizyon, ak/oswa revizyon IEP pitit ou a, ak plasman edikasyon pitit ou a.

Kisa yon reyinyon ekip IEP ye?

Yon ekip IEP se yon gwoup moun ki kalifye ki reyini detanzantan nan reyinyon ekip IEP yo pou pran desizyon sou IEP pitit ou a. Ekip IEP a gen ladann:

- (1) Paran timoun nan;
- (2) Omwen youn nan pwofesè edikasyon regilye pitit ou a;
- (3) Omwen youn nan pwofesè edikasyon espesyal pitit ou a;
- (4) Yon reprezantan lekòl la ki gen otorite pou angaje resous lekòl yo epi asire yo bay sèvis ki nan IEP pitit ou a;
- (5) Yon moun ki gen ekspètiz pou entèprete rezilta evalyasyon pitit ou a;
- (6) Timoun nan, lè sa apwopriye; epi
- (7) Pwofesè edikasyon teknik karyè pitit ou a, oswa kowòdonatè pwofesè teknik karyè pitit ou a, si pitit ou a ap, oswa kapab patisipe nan yon pwogram edikasyon karyè ak teknik.

Ou ka envite lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal konsènan pitit ou a pou yo patisipe nan yon reyinyon ekip IEP. Ou ka mande tou pou prezans nenpòt pwofesè, parapwofesyonèl, ak lòt anplwaye nan yon reyinyon ekip IEP.

Kouman pou mwen patisipe nan reyinyon ekip IEP pitit mwen an?

Ou gen dwa patisipe nan chak reyinyon ekip IEP pou pitit ou a paske ou gen konesans sou fòs, objektif ak bezwen pitit ou a, epi opinyon w enpòtan. Si w pa ka patisipe nan yon reyinyon ekip IEP an pèsòn, lekòl la dwe itilize lòt metòd pou asire patisipasyon w, tankou lè w itilize apèl telefòn endividyèl oswa konferans oswa videyo konferans.

Ou gen dwa tou pou gen yon entèprèt, tradiktè, oswa entèprèt lang siy lekòl la bay gratis, si sa nesèsè.

Ekip IEP a dwe asire patisipasyon w lè l ba w yon kesyonè anvan reyinyon ekip IEP a. Kesyonè a mande enfòmasyon sou pwogrè pitit ou a, ak pwopoze etap ki ta dwe pran pou ajiste objektif pitit ou a, kourikoulòm, sèvis, èd, modifikasyon, ak lòt eleman nan IEP pitit ou a.

Anplis de sa, si ekip IEP a prepare yon bouyon IEP pitit ou a anvan reyinyon an, ekip IEP a dwe ba ou yon kopi pwojè IEP a ak yon lèt ki di klèman IEP a se sèlman yon bouyon pou rezon diskisyon epi ki sijè a revizyon.

Anvan reyinyon ekip IEP a, ou ka mande tou nenpòt done ki nan posesyon lekòl la ki gen rapò ak bezwen oswa andikap pitit ou a, pou enkli evalyasyon klas ak fòmasyon, done konpòtman, rapò sèvis

ki gen lyen youn ak lòt, ak done ki gen rapò ak pwogrè pitit ou a lè yo bay prèv-ki se sous entèvansyon yo.

Èske lekòl la ka òganize yon reyinyon ekip IEP si mwen pa kapab ale?

Lekòl la ka fè yon reyinyon ekip IEP si ou pa kapab asiste, men sèlman si lekòl la ka demontre li te fè efò pou fè aranjman pou yon lè, ak kote reyinyon an te dakò ansanm epi li te eseye konvenk ou ale. Dosye yo dwe demontre enfòmasyon detaye sou apèl telefòn yo te fè ak rezilta yo nan apèl yo, kopi korespondans yo voye ak repons yo resevwa, dosye detaye sou vizit yo te fè nan kay paran an oswa sou kote travay paran ye, ak rezilta yo nan vizit yo.

Èske tout manm ekip IEP a dwe patisipe nan reyinyon an?

Tout manm ekip IEP obligatwa yo dwe patisipe nan tout reyinyon ekip IEP a, sof si ou bay konsantman pa ekri pou eskize yon manm ekip IEP obligatwa a. Genyen de sikonstans kote yon lekòl ka mande konsantman w pou eskize yon manm ekip IEP a nan yon reyinyon:

- (1) Si yo pa diskite oswa modifye yon zòn manm ekip IEP obligatwa a nan reyinyon an, lekòl la ka mande konsantman ou pa ekri pou yo eskize manm ekip la nan reyinyon an, an antye oswa an pati. Si w dakò ke manm ekip la ka eskize, ou dwe bay lekòl la konsantman w pa ekri. Ou ka refize bay konsantman tou, epi manm ekip sa a dwe patisipe nan reyinyon an oswa reyinyon an ka bezwen repwograme.
- (2) Si yo diskite oswa modifye yon zòn manm ekip IEP obligatwa a nan reyinyon an, lekòl la ka mande konsantman ou pa ekri pou yo eskize manm sa a nan reyinyon an, an antye oswa an pati. Anvan reyinyon an, manm ekip ki eskize a dwe bay paran an ak ekip IEP a opinyon ekri sou l devlopman IEP a. Si w dakò ke manm ekip la ka eskize, ou dwe bay lekòl la konsantman w pa ekri. Ou ka refize bay konsantman w tou, epi manm ekip la dwe patisipe nan reyinyon an oswa reyinyon an ka bezwen repwograme.

AVI REYINYON EKIP IEP

Ki jan yo pral fè m konnen pou m patisipe nan yon reyinyon ekip IEP?

Lekòl la dwe pran dispozisyon pou asire w prezan nan chak reyinyon ekip IEP pou pitit ou a, epi pou ba w opòtinite pou w patisipe. Lekòl la dwe pwograme reyinyon an nan yon lè ak dat nou dakò ansanm, epi voye yon avi pa ekri pou reyinyon ekip IEP a pa mwens pase dis (10) jou lekòl anvan reyinyon an (e pa mwens pase senk (5) jou lekòl anvan reyinyon an yon reyinyon pou deside yon manifestasyon) pou asire w ap gen opòtinite pou w patisipe.

Ki enfòmasyon Avi Reyinyon an genyen?

Avi Reyinyon ekri a dwe endike:

- (1) Objektif, lè, ak kote reyinyon an, ak ki moun ki pral prezan;
- (2) Enfòmasyon sou dwa w pou envite nan reyinyon an lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz espesyal sou pitit ou a;
- (3) Enfòmasyon sou dwa w pou w mande prezans nenpòt pwofesè, parapwofesyonèl, ak manm pèsònèl adisyonèl nan reyinyon an;

- (4) Enfòmè w sou dwa w pou w mande nenpòt done, anvan reyinyon ekip IEP a, ki gen ladan evalyasyon sal klas ak fòmasyon, done konpòtman, rapò sèvis ki gen lyen youn ak lòt, oswa done ki gen rapò ak pwogrè pitit ou a lè yo bay entèvansyon ki baze sou prèv, ki nan men lekòl la epi ki gen rapò. bezwen ak andikap pitit ou a.
- (5) Pou yon timoun ki gen yon andikap, kòmanse bonè ak premye IEP a anviè lè timoun nan gen katòz (14) lane oswa antre nan uityèm (8^{yèm}) ane, oswa pi piti si ekip IEP a detèmine li apwopriye, avi a dwe endike objektif reyinyon an ki pral konsidere objektif apre lekòl segondè ak sèvis tranzisyon pou timoun nan, epi yo dwe envite timoun lan nan reyinyon an pa ekri.

Anplis de sa, yon rezime Pwosedi Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal yo enkli nan Avi Reyinyon ekri a.

AVI KI EKRI DAVANS

Kòman yo pral enfòmè m sou desizyon ki gen rapò ak pwogram edikasyon espesyal pitit mwen an?

Lekòl la dwe enfòmè w konsènan desizyon enpòtan yo pran konsènan pwogram edikasyon espesyal pitit ou a lè li ba w yon avi pa ekri alavans ke w ka konprann, epi ki nan lang natif natal ou oswa nan yon lòt mòd komunikasyon. Avi a gen pou l ba w ase enfòmasyon pou asire w konprann edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo epi lekòl la pwopoze oswa refize bay rezon desizyon an epi ba w yon opòtinite pou w chèche rezoud nenpòt konfli atravè medyasyon, oswa depoze yon plent devan eta a, oswa yon plent pou pwosedi jidisyè.

Kilè y ap ban m yon avi ki ekri alavans?

Yo dwe ba w avi a nan pa mwens pase dis (10) jou lekòl anvan lekòl la pwopoze (oswa refize) kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa etablisman edikasyon pitit ou a, oswa bay yon edikasyon piblik apwopriye gratis. Nan ka ki enplike yon chanjman nan etablisman pou rezon disiplinè, yo dwe bay avi a pa mwens pase senk (5) jou lekòl anvan lekòl la chanje etablisman pitit ou a.

Kisa Avi Ekri Davans lan pral di mwen?

Avi ekri danvans lan pral:

- (1) Dekri aksyon lekòl la pwopoze oswa refize;
- (2) Eksplike poukisa lekòl la pwopoze oswa refize aksyon an;
- (3) Dekri chak pwosedi evalyasyon, evalyasyon, dosye, oswa rapò lekòl la te itilize kòm sous pou aksyon yo pwopoze oswa refize;
- (4) Dekri nenpòt lòt opsyon ekip IEP a te konsidere ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;
- (5) Dekri nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak aksyon yo pwopoze oswa refize;
- (6) Gen yon deklarasyon ki eksplike dwa w genyen sou pwosedi pwoteksyon yo; epi
- (7) Genyen sous pou w kontakte pou jwenn èd pou konprann IDEA ak Règleman Depatman Edikasyon Delaware;

Anplis de sa, yon rezime Pwosedi Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Dwa Timoun nan Edikasyon Espesyal yo enkli nan Avi Ekri Davans lan.

Èske mwen ka resevwa avi pa mwayen elektwonik?

Si lekòl ou a ofri paran yo chwa pou yo resevwa dokiman pa Imel, ou ka chwazi pou resevwa Avi Reyinyon an, Avi Ekri Davans lan, ak Pwosedri Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal pa Imèl.

KONSANTMAN PARAN

Kisa konsantman paran ye?

Antanke paran yon timoun ki andikape, ou gen dwa bay oswa refize konsantman pou sèten aksyon lekòl la pwopoze. Konsantman vle di ou te enfòmè nèt sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak aksyon lekòl la pwopoze a, epi ou konprann epi dakò, pa ekri, ak aksyon yo pwopoze a.

Kilè konsantman paran mwen nesèsè?

- (1) **Anvan Premye Evalyasyon Edikasyon Espesyal pitit ou a.** Lekòl la dwe jwenn konsantman ekri w anvan li kapab kontinye ak premye evalyasyon edikasyon espesyal pitit ou a. Lekòl la dwe fè efò rezonab pou jwenn konsantman ekri w pou yon premye evalyasyon pou detèmine si pitit ou a se yon timoun andikape. Sepandan, konsantman ou pou premye evalyasyon an pa vle di ke ou te bay konsantman ou tou pou lekòl la kòmanse bay pitit ou edikasyon espesyal, ak sèvis ki asosye avèk yon IEP.
- (2) **Anvan reevalyasyon pitit ou a pou edikasyon espesyal.** Lekòl la dwe mete pa ekri, li te fè tantativ rezonab pou jwenn konsantman ou. Si ou pa reponn a tantativ sa yo, lekòl la ka kontinye ak reevalyasyon an san konsantman ou.
- (3) **Anvan pitit ou a resevwa sèvis edikasyon espesyal pou premye fwa.** Ou dwe bay konsantman ekri anvan lekòl la ka bay pitit ou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò, ak yon IEP pou premye fwa.

Èske mwen ka refize oswa anile konsantman paran an?

Si w refize bay konsantman pou yon premye evalyasyon oswa yon reevalyasyon, lekòl la ka kontinye chèche evalyasyon yo lè w mande yon konferans medyasyon avèk ou oswa lè w itilize pwosedri odyans jidisyè a.

Si ou refize konsantman pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo ak yon IEP pou premye fwa, oswa si ou pa reponn a yon demann pou bay konsantman sa a, lekòl la pa oblije fè yon reyinyon ekip IEP oswa devlope yon IEP pou pitit ou a. Anplis de sa, lekòl la pa gen dwa sèvi ak medyasyon oswa pwosedri odyans jidisyè a pou jwenn akò ou oswa yon desizyon pou l bay pitit ou edikasyon espesyal, ak sèvis ki gen rapò yo.

Ou ka anile konsantman w pou kontinye bay pitit ou edikasyon espesyal, ak sèvis ki gen rapò yo nenpòt ki lè. Sepandan, ou dwe revoke sa pa ekri epi ou dwe bay li lekòl la. Kote pa li, lekòl la dwe sispann tout sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak pitit ou a, men sèlman apre yo fin ba w yon avi pa ekri davans konsènan chanjman nan etablisman edikasyon ak sèvis ki te soti nan pwogram edikasyon espesyal lan.

Konsantman w pa obligatwa pou revize enfòmasyon ki egziste deja nan kad pwosesis evalyasyon an, oswa pou administre tès yo bay tout timoun (sòf si yo mande konsantman pou tout timoun).

Konsantman ou pou nenpòt aktivite se selon volonte ou, epi yo ka anile nenpòt ki lè, men anile konsantman ou a pa anile okenn aksyon ki te pran pandan lekòl la te gen konsantman ou.

Lekòl la pa gendwa sèvi ak refi konsantman w pou yon sèvis oswa aktivite pou refize ou menm oswa pitit ou nenpòt lòt sèvis, avantaj oswa aktivite.

E si timoun nan plase sou kont Leta nan eta a?

Si timoun nan se sou kont Leta li ye nan eta a epi li pa abite ak okenn paran, lekòl la pa bezwen konsantman yon paran pou yon premye evalyasyon si:

- (1) Lekòl la pa ka jwenn paran an apre yo fin fè efò rezonab pou sa fèt;
- (2) Dwa paran yo te sispann dapre lwa eta a; oswa
- (3) Yon jij te bay yon lòt moun ki pa paran l dwa pou pran desizyon sou edikasyon l, epi moun ki deziyen pou reprezante timoun nan bay konsantman pou yon premye evalyasyon an.

NOMINASYON PARAN RANPLASAN

E si paran an pa ka idantifye oswa lokalize?

Lekòl yo dwe asire yo ke yo plase yon moun pou aji kòm yon paran ranplasan pou timoun ki gen yon andikap lè yo pa ka idantifye yon paran, epi lekòl la pa kapab detèmine kote paran an ye. Yo ka nonmen yon paran ranplasan tou si yo detèmine yon timoun se sou kont Leta li ye nan eta a, se yon jèn ki pa akonpaye ki san kay, oswa si li nan detansyon nan Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn, ak Fanmi yo.

Ki wòl yon paran ranplasan?

Yon paran ranplasan reprezante timoun lan nan tout zafè ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, ak etablisman edikasyon timoun nan, ak bay timoun nan yon edikasyon piblik apwopriye gratis. Paran ranplasan an dwe abitye byen ak istwa edikasyon ak bezwen timoun nan, pwoteje nati konfidansyèl dosye lekòl timoun nan, epi patisipe nan devlopman IEP timoun nan. Paran ranplasan an ka bay oswa refize konsantman pou premye evalyasyon oswa etablisman timoun nan, epi revize ak evalye pwogram edikasyon espesyal ki disponib pou timoun nan. Paran ranplasan an gen plis responsablite pou mande medyasyon, oswa depoze yon plent devan eta a, oswa plent pou jidisyè, lè sa nesèsè. Depatman an bay paran ranplasan an fòmasyon konsènan lwa leta epi federal ki gen rapò ak edikasyon timoun andikape yo.

Ki jan yo nonmen yon paran ranplasan?

Lekòl yo responsab pou idantifye ak lokalize timoun ki ka bezwen yon paran ranplasan epi yo dwe soumèt san pèdi tan yon demann bay Depatman an pou nonmen yon paran ranplasan, lè sa nesèsè. Apre sa, Depatman an nonmen yon paran ranplasan ki gen konesans ak konpetans pou reprezante timoun nan kòm sadwa. Paran ranplasan an dwe gen omwen dizwit (18) an, epi pa gen okenn enterè ki an konfli ak timoun nan. Paran ranplasan an pa kapab yon anplwaye lekòl distri a, lekòl endepandan an oswa Depatman an, oswa nenpòt lòt ajans ki enplike nan swen oswa edikasyon timoun nan.

Kilè wòl yon paran ranplasan fini?

Depatman an ka mete fen nan reponsabilite yon paran ranplasan lè li detèmine timoun nan pa bezwen yon paran ranplasan ankò. Yo ka revoke yon paran ranplasan si l pa ranpli responsabilite l, oubyen si l pa respekte devwa konfisansyalite li.

Yon jèn ki gen laj ant dizwit (18) ak vennde (22) zan ka rete elijib pou gide l atravè nominasyon yon reprezantan edikasyon. Sof si yon tribinal deklare li enkonpetan, jèn nan gen dwa pou genyen yon reprezantan edikasyon oswa refize nonmen yon reprezantan edikasyon. Jèn nan gen dwa tou pou patisipe nan seleksyon yon reprezantan edikasyon, epi mete fen nan sèvis paran ranplasan an.

EVALYASYON

Kisa yon evalyasyon ye?

Yon evalyasyon se yon pwosesis yo itilize pou detèmine si pitit ou a gen yon andikap epi di si li bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa. Pwosesis la enplike revizyon done ki enpòtan yo ak revizyon endividyèl nenpòt evalyasyon ak obsèvasyon pitit ou a, enkli enfòmasyon paran yo bay. Yo pa ka itilize yon mezi oswa yon evalyasyon sengilye pou detèmine si pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa. Yo mande yon minimòm de (2) sous done. Chak evalyasyon dwe administre pa yon moun ki fòmè ki gen konesans ak kalifikasyon pou fè evalyasyon an ki konsistan avèk lisans pwofesyonèl li ak sètifikasyon li.

Ki delè pou konplete yon evalyasyon?

Lekòl la dwe konplete yon premye evalyasyon nan karanssenk (45) jou lekòl, oswa katrevendis (90) jou nan kalandriye an, kèlkeswa sa ki pi piti a, apre yo resevwa konsantman ou pa ekri pou fè evalyasyon an.

Yon reevalyasyon dwe fèt pou pi piti yon fwa chak twa (3) lane, sof si ou menm ak lekòl la dakò yon reevalyasyon pa nesèsè. Yon reevalyasyon ka fèt pi bonè pase (3) lane men pa plis pase yon fwa pa ane, sof si ou menm ak lekòl la dakò fèl konsa.

Si w mande yon evalyasyon pou pitit ou a, epi lekòl la refize fè evalyasyon an, lekòl la dwe ba w yon avi pa ekri alavans ki dekri rezon ki fè li refize.

EVALYASYON EDIKASYON ENDEPANDAN

Èske yo ka evalye pitit mwen an poukont li sou frè lekòl la?

Evalyasyon endepandan vle di yon evalyasyon ki fèt pa yon egzaminatè kalifye ki pa anplwaye nan lekòl la. Ou gen dwa pou mande ak jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan pou pitit ou a ki ap sou kont depans piblik si ou pa dakò ak yon evalyasyon pitit ou a jwenn nan lekòl la, dapre sa ki ekri nan pati anba yo:

Si w mande yon evalyasyon endepandan pou pitit ou a sou kont depans piblik, lekòl la dwe swa: (1) depoze yon plent pou pwosedi jidisyè pou mande yon odyans pou montre evalyasyon li an te apwopriye, oswa (2) bay yon evalyasyon endepandan ki ap sou kont depans piblik la.

Si lekòl la depoze yon plent sou pwosedi jidisyè pou mande yon odyans epi desizyon final la di evalyasyon lekòl la apwopriye, ou toujou gen dwa a yon evalyasyon endepandan, men se p ap sou kont depans piblik la.

Lekòl la dwe reponn demann ou an pou yon evalyasyon endepandan epi ba ou enfòmasyon sou ki kote pou w jwenn evalyasyon an. Lekòl la gendwa mande poukisa ou genyen objeksyon kont evalyasyon li a, men ou pa oblije bay yon eksplikasyon. Ekip IEP a dwe konsidere evalyasyon endepandan lè w ap pran desizyon konsènan edikasyon piblik apwopriye pou pitit ou a. Ou menm oswa lekòl la gendwa prezante evalyasyon endepandan an kòm prèv nan yon odyans jidisyè konsènan pitit ou a.

Lekòl la pa gen dwa pran reta san rezon pou bay evalyasyon edikasyon endepandan an oswa kòmanse yon odyans pou defann evalyasyon piblik la. Si lekòl la mande yon odyans epi li vin genyen, ou toujou gen dwa a yon evalyasyon edikasyon endepandan, men se pa kont depans piblik la.

Ki kondisyon ki genyen pou yon evalyasyon endepandan?

Si yon evalyasyon endepandan se sou kont depans piblik, kritè pou evalyasyon an dwe menm kritè lekòl la itilize lè li kòmanse yon evalyasyon, tankou kote evalyasyon an ak kalifikasyon evalyatè a. Sinon, lekòl la pa ka enpoze lòt kondisyon oswa delè ki gen rapò ak jwenn evalyasyon an sou kont depans piblik.

Ou gen dwa pou yon sèl evalyasyon endepandan pitit ou a sou kont depans piblik la chak fwa lekòl ou a fè yon evalyasyon pitit ou a ke ou pa dakò.

ELIJIBILITE

Ki jan yo detèmine elijibilite a?

Yon fwa evalyasyon an fini, kalifikasyon pitit ou a pou edikasyon espesyal, ak sèvis ki gen rapò yo detèmine an kolaborasyon avèk ou, ak yon gwoup pwofesyonèl kalifye. Yo ka jwenn pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo si pitit ou a satisfè kritè pou youn (1) oswa plizyè klasifikasyon edikasyon, andikap la afekte pèfòmans edikasyon pitit ou a yon fason negatif, epi pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo. Gen douz (12) klasifikasyon edikasyon ak kritè elijibilite ki dekri nan Règleman Depatman Edikasyon Delaware lan, pou enkli: otis, reta nan devlopman, soud-avèg, andikap emosyonèl, andikap pou tande, andikap espesifik nan aprantisaj, andikap entelektyèl, andikap òtopedik, lòt pwoblèm sante. andikap, pwoblèm lapawòl oswa langaj, blezi twomatik nan sèvo, ak andikap vizyèl ki gen ladan l avèg.

Lekòl la dwe ba ou yon rapò rezime evalyasyon an ak dokiman sou kalifikasyon an gratis, pou enkli diskisyon ekip la sou detèminasyon kalifikasyon an.

PWOGRAM EDIKASYON ENDIVIDYÈL

Kisa ki yon IEP?

Yon IEP se yon plan pa ekri ki dekri kijan pwogram edikasyon espesyal pitit ou a, ak sèvis ki gen rapò ak li yo pral bay nan yon sèten etablisman oswa anviwònman edikasyon. Lekòl la dwe ba ou yon kopi IEP pitit ou a gratis.

Lekòl la dwe konvoke yon reyinyon ekip IEP tou pou devlope IEP pitit ou a nan trant (30) jou kalandriye apati detèminasyon kalifikasyon an jwenn pitit ou a bezwen edikasyon espesyal, ak sèvis ki asosye. Yon fwa yo devlope, IEP a dwe aplike pi vit posib epi yo dwe revize l omwen yon fwa pa ane nan yon reyinyon ekip IEP a.

IEP pitit ou a dwe genyen yon deskripsyon sou nivo aktyèl pitit ou a nan pèfòmans akademik ak fonksyonèl li, bezwen ansèyman espesifik li yo, sèvis, sipò ak akomodasyon, ansanm ak yon eksplikasyon sou kantite tan pitit ou a pa pral patisipe nan klas edikasyon regilye. IEP a dwe genyen tou objektif anyèl mezirab yo.

Lekòl la dwe asire IEP pitit ou a aksesib pou chak pwofesè edikasyon regilye, pwofesè edikasyon espesyal, founisè sèvis ki gen rapò ak nenpòt lòt moun ki responsab pou aplike IEP a.

Lekòl la dwe asire chak pwofesè yo enfòmè sou responsablite espesifik li yo ki gen rapò ak mizannèv IEP pitit ou a, ak akomodasyon espesifik, modifikasyon ak sipò yo dwe bay pitit ou a.

PLAN TRANZISYON POU LAVI JÈN ADILT YO

Kisa planifikasyon tranzisyon an ye?

Planifikasyon tranzisyon an se yon pwosesis pou ede pitit ou a fè tranzisyon soti nan anviwònman lekòl la pou ale nan monn adilt, epi li enplike ekip IEP a, paran yo, anplwaye lekòl yo ak anplwaye lòt ajans piblik yo. Planifikasyon tranzisyon an dwe enkli nan IEP pitit ou a kòmpanse ak premye IEP ki anvigè lè pitit ou a gen katòz (14) lane, oswa antre nan uityèm (8^{yèm}) ane, oswa nan yon laj ki pi piti si ekip IEP pitit ou a detèmine sa apwopriye.

Chak fwa planifikasyon tranzisyon an pral enkli nan IEP pitit ou a, lekòl la dwe bay pitit ou a yon envitasyon pa ekri pou l patisipe nan reyinyon ekip IEP a. Si pitit ou a pa patisipe nan reyinyon ekip IEP a, lekòl la dwe pran mezi pou asire yo konsidere preferans ak enterè pitit ou a.

Eleman kle nan planifikasyon tranzisyon nan IEP a gen ladan:

- (1) Objektif apre segondè ki mezire, ki baze sou evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj ki gen rapò ak fòmasyon, edikasyon, travay, epi si sa apwopriye, aptitud pou l viv endepandan;
- (2) Sèvis ak aktivite tranzisyon, enkli plan etid, pou ede pitit ou a atenn objektif li yo; epi
- (3) Fòs pitit ou a, enterè, ak preferans apre lekòl segondè, ak plan pou fè aplikasyon nan lekòl segondè ak pwogram edikasyon teknik karyè.

Lekòl la dwe bay rapò regilye sou pwogrè pitit ou a sou objektif apre lekòl segondè ak sèvis tranzisyon ki dekri nan IEP a.

TRANSFÈ DWA LÈ YO NAN LAJ MAJORITE

Ki dwa mwen genyen lè pitit mwen an rive nan dizwit (18) lane?

Lè pitit ou a rive nan dizwit (18) lane, tout dwa dapre lalwa edikasyon espesyal yo pral transfere bay elèv adilt sa, sof si yon tribinal nonmen yon gadyen pou li oswa ekip IEP a te detèmine elèv la pa genyen kapasite pou pran desizyon eklere pou edikasyon li. Lekòl la dwe fè ou menm ak elèv adilt ou konnen lè transfè dwa yo fèt omwen yon (1) lane anvan pitit ou a rive nan dizwit (18) lane.

Kisa k ap pase si elèv jèn adilt mwen an pa gen kapasite pou pran desizyon sou edikasyon l?

Yon elèv adilt ki gen yon andikap, san yon gadyen tribinal nonmen pou li, sipoze gen kapasite epi li gen dwa a yon paran lè li rive nan dizwit (18) lane. Se ekip IEP a ki fè detèminasyon kapasite a. Si kapasite elèv la pa sèten, yon sikològ lekòl la ki abitye ak elèv la dwe ale nan premye reyinyon an, epi elèv la ak paran yo dwe envite pou yo patisipe. Ekip IEP a ka konsidere enfòmasyon ki soti nan lòt sous andeyò pèsònèl lekòl la, epi li ka otorize evalyasyon si sa nesèsè. Si enfòmasyon an anbigi, nenpòt sa ki parèt flou pral rezoud an favè elèv la e ap di li genyen kapasite.

Si ekip IEP a detèmine elèv la pa gen kapasite, ekip IEP a dwe mande yon moun pou sèvi kòm reprezantan edikasyon elèv la epi kòmanse ak yon paran byolojik oswa adoptif ki dispoze e ki disponib, oswa yon fanmi ki dispoze e ki disponib. Si yo pa idantifye moun sa a, ekip IEP a dwe fè yon referans bay Depatman an pou nonmen yon reprezantan edikasyon. Si elèv la oswa paran an pa dakò ak detèminasyon kapasite a, swa yo ka konteste detèminasyon an nan pouswiv opsyon pou rezoud dispit ki dekri nan pwosedi pwoteksyon yo.

AKSÈ A DOSYE SOU EDIKASYON

Èske mwen ka egzamine dosye edikasyon pitit mwen an?

Ou gen dwa pou enspekte ak revize tout dosye edikasyon pitit ou a san reta san nesèsite, enkli anvan yon reyinyon sou IEP pitit ou a, anvan yon odyans jidisyè, ak anvan yon reyinyon rezolisyon. Lekòl la ap kite nenpòt paran yo wè dosye yo sof si yo bay lekòl la yon lòd tribinal apwopriye ki di yon lòt bagay.

Ou gen dwa sa yo konsènan dosye edikasyon pitit ou a:

- (1) Sou demann, lekòl la dwe di w ki kalite dosye yo kolekte, konsève oswa itilize konsènan pitit ou a, ak ki kote dosye yo kenbe.
- (2) Ou dwe gen dwa revize dosye sa yo anvan IEP a oswa nenpòt lòt reyinyon kote idantifikasyon, evalyasyon oswa etablisman edikasyon pitit ou a se yon pwoblèm, oswa anvan yon odyans.
- (3) Lekòl la dwe pèmèt ou revize dosye yo san pèdi tan e nan okenn ka plis pase karantsenk (45) jou kalandriye apre ou mande pou w wè yo.
- (4) Lè w mande enfòmasyon nan dosye yo, lekòl la pa gendwa mande yon frè pou chèche dosye yo.
- (5) Lekòl la dwe bay yon eksplikasyon sou enfòmasyon ki nan dosye yo, si yo mande yo.
- (6) Lè yo mande kopi dosye yo, yo dwe bay yo a yon pri rezonab.
- (7) Lekòl la pa ka refize bay kopi dosye yon elèv si refize w sa ta anpeche w jwenn aksè nan dosye yo.
- (8) Lekòl la gendwa pa pèmèt ou wè enfòmasyon sou okenn lòt elèv eksepte pitit ou a.
- (9) Ou ka pèmèt yon lòt moun revize dosye pitit ou a pou ou.

- (10) Si ou jwenn yon erè nan dosye pitit ou a, ou ka mande lekòl la pou chanje enfòmasyon yo epi ajoute yon deklarasyon nan dosye yo ki dekri dezakò a. Lekòl la dwe pran yon desizyon sou demann ou an nan yon delè rezonab. Si lekòl la refize chanje dosye yo jan w te mande l la, li dwe di w sa epi fè w konnen ou gen dwa pou yon odyans pou konteste dosye yo.
- (11) Lekòl la dwe kenbe yon dosye sou pati ki jwenn aksè nan dosye edikasyon pitit ou a, ki gen ladan non pati a, dat yo te bay aksè a, ak rezon ki fè pati a otorize pou itilize dosye yo.
- (12) Ak kèk eksepsyon, lekòl la dwe jwenn konsantman ou anvan li divilge enfòmasyon pèsònèl ki idantifye pitit ou a.
- (13) Lekòl la dwe enfòme w lè enfòmasyon pèsònèl yo kolekte, konsève oswa itilize yo pa nesèsè ankò pou bay pitit ou sèvis edikasyon. Enfòmasyon yo dwe detwi sou demann ou an. Sepandan, yon dosye pèmanan sou non pitit ou a, adrès, ak nimewo telefòn li, nòt li, dosye prezans li, klas li te ale, nivo klas li te konplete, ak ane li te konplete san limit tan.

Gen plis enfòmasyon sou fason lekòl yo kenbe dosye elèv yo ak sou dwa elèv yo ak paran yo dapre Dwa Edikasyonèl ak Libète Fanmi an Akt 1974 (FERPA) ki disponib nan Règleman Depatman Edikasyon Delaware.

MEDYASYON

Èske mwen ka mande medyasyon pou rezoud konfli ant mwen ak lekòl la?

Wi. Depatman an ofri medyasyon pou ede w rezoud konfli ak lekòl la konsènan pwovizyon edikasyon espesyal pou pitit ou a. Depatman an ap ba w enfòmasyon sou sèvis medyasyon.

Depatman an te devlope yon fòm demann medyasyon pou paran yo ranpli lè y ap mande sèvis medyasyon nan men Depatman an. Yo mete yon kopi fòmilè Demann pou Medyasyon Edikasyon Espesyal nan dèyè Avi sa a. Ou ka jwenn fòmilè sa a, ansanm ak lòt resous ki gen ladan règleman IDEA yo, règleman eta a, ak plis enfòmasyon sou medyasyon sou entènèt nan <http://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>.

Medyasyon se yon fason volontè pou rezoud diskisyon, e se yon moun ki kalifye e ki san patipri ki fòme nan estrateji ki ede moun jwenn yon akò sou pwoblèm difisil. Medyasyon bay paran yo ak lekòl yo opòtinite pou yo rezoud dezakò yo epi jwenn solisyon akseptab nan yon kontèks enfòm epi ki pa gen konfwontasyon. Yo bay medyasyon gratis, men tou de paran yo ak lekòl la dwe dakò pou yo eseye medyasyon anvan yo mete li an plas. Yo *pa* ka itilize medyasyon an pou retade dwa w genyen pou yon pwosedi odyans jidisyè.

Medyasyon an pral pwograme alè, epi y ap fèl nan yon kote ki bon pou ou menm ak lekòl la. Ou gen pèmasyon pou w akonpaye ak konseye pa yon moun ou chwazi nan medyasyon an. Si yon lekòl patisipe nan medyasyon, li dwe voye yon reprezantan lekòl distri a ki gen otorite pou pran desizyon epi angaje resous pou sèvis yo dakò. Diskisyon ki fèt pandan medyasyon an konfidansyèl epi yo pa kapab itilize nan okenn pwosedi odyans jidisyè oswa pwosedi sivil nan nenpòt tribinal federal oswa tribinal Delaware.

Si w rezoud diskisyon w lan atravè medyasyon, paran yo ak lekòl la dwe siyen yon akò ki legal e obligatwa ki tabli rezolisyon an, epi ki deklare tout diskisyon ki te fèt nan medyasyon an ap rete konfidansyèl epi yo pa ka itilize yo kòm prèv nan yon pwosedi odyans jidisyèl. Yon akò medyasyon ekri ki siyen ap aplike nan nenpòt tribinal eta a ki gen jiridiksyon konpetan oswa nan yon Tribinal Distri Etazini.

Depatman an te etabli yon sistèm medyasyon volontè atravè Pwogram Rezolisyon Konfli nan Univèsite Delaware. Depatman an ofri medyasyon nan lòt sikonstans ki pa lè yo te depoze yon plent pou pwosedi jidisyèl. Ou gen dwa pou mande medyasyon pou rezoud yon dezakò ak lekòl la.

Pou plis enfòmasyon sou medyasyon, kontakte Patenarya Edikasyon Espesyal pou Rezolisyon Amikal Konfli (SPARC), nan Pwogram Rezolisyon Konfli, 180 Graham Hall, Enstiti Administrasyon Piblik, Univèsite Delaware, Newark, Delaware 19716, (302) 831- 8971.

PWOSEDI ODYANS JIDISYÈL

Kisa ki se yon pwosedi odyans jidisyèl?

Ou gen dwa pou mande yon odyans san patipri sou pwosedi odyans jidisyèl konsènan idantifikasyon, evalyasyon, ak etablisman edikasyon pitit ou a, oswa pou bay pitit ou a yon edikasyon apwopriye gratis. Lekòl distri yo ak lekòl endepandan yo ka mande pou yon odyans tou.

Kouman pou mwen mande yon odyans?

Ou bezwen depoze yon plent pa ekri pou pwosedi jidisyèl. Plent lan dwe genyen ladan l:

- (1) Non pitit ou a;
- (2) Adrès kote pitit ou a rete;
- (3) Non lekòl pitit ou a ale a;
- (4) Si pitit ou a se yon timoun ki san kay oswa yon jèn, enfòmasyon kontak timoun nan ak non lekòl timoun nan;
- (5) Yon deskripsyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan obsèvasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan; epi
- (6) Yon rezolisyon pwopoze pou pwoblèm lan nan limit ou konnen ak disponib.

Yo dwe depoze plent lan nan yon delè de (2) zan apre dat ou te konnen oswa ou ta dwe konnen sou swadizan aksyon an ki se sous plent lan. Sepandan, egzijans sa a pa aplike si ou pa t kapab depoze yon plent pou pwosedi jidisyèl nan delè sa a paske:

- (1) Lekòl la te espesyalman bay manti nan di li te rezoud pwoblèm ki se sous plent lan; oswa
- (2) Lekòl la te kenbe enfòmasyon li te oblije ba w dapre IDEA a.

Ou menm, gadyen legal timoun nan oswa yon konseye legal dwe siyen plent lan. Yo dwe remèt plent lan nan men, pa lapòs, faks, oswa imèl bay:

Sekretè Edikasyon
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, Delaware 19901
Faks (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Ou dwe voye yon kopi plent pou pwosedi jidisyè a tou bay lekòl la an menm tan ou voye l bay Sekretè Edikasyon an. Depatman an te devlope yon fòmilè pou ede paran yo depoze yon plent pou pwosedi jidisyè. Yon kopi Fòmilè Plent pou Pwosedi Jidisyè ak Demann pou Odyans sou Pwosedi Jidisyè a tache nan do Avi sa a. Moun k ap depoze plent lan ka kontakte tou (302) 735-4210 pou mande yo voye fòmilè an pa lapòs. Ou ka jwenn fòm sa a, ansanm ak lòt resous ki gen ladan règleman IDEA yo, règleman eta a, ak resilta etid ka yo sou [Entènèt nan http://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution](http://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution).

Ou pa gendwa sòlve pwoblèm nan pwosedi odyans jidisyè ki pa endike nan plent ou an (sòf si lekòl la dakò).

Lè Sekretè Edikasyon an resevwa yon plent jidisyè, yo pral nonmen yon komite odyans (oswa yon sèl ofisye odyans nan ka odyans rapid) epi y ap di w ki moun ki te nonmen. Sekretè Edikasyon an pral bay enfòmasyon tou sou asistans legal ki pa koute chè, disponiblite medyasyon an, ak yon kopi Pwosedi Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Timoun nan Edikasyon Espesyal.

E si plent mwen an pa gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo?

Pou w ka gen yon pwosedi odyans jidisyè, plent ou an dwe genyen tout enfòmasyon ki endike anwo a. Yo pral konsidere plent lan ase, sof si lekòl la enfòmè ou menm ak komite odyans lan pa ekri, nan espas kenz (15) jou kalandriye apre li resevwa plent lan, li pa genyen tout enfòmasyon ki nesèsè yo.

Nan senk (5) jou kalandriye apre li resevwa avi lekòl la, komite odyans lan dwe deside si plent pou pwosedi jidisyè w la genyen tout enfòmasyon ki nesèsè yo epi fè w konnen ak lekòl la imedyatman.

Konbyen tan yon pwosedi odyans jidisyè pran?

Pwosedi odyans jidisyè a dwe fèt epi yo dwe pran yon desizyon pa pita pase karanssenk (45) jou kalandriye apre ekspirasyon peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a oswa peryòd tan ajiste yo, genyen plis detay anba a sou sa.

Anplis de sa, komite odyans lan, pou yon bon rezon, ka bay yon ti tan anplis sou tan espesifik si ou menm oswa lekòl la mande sa.

Èske mwen ka fè chanjman nan plent pou pwosedi jidisyè an aprè m fin depoze li?

Ou ka fè chanjman nan plent pou pwosedi jidisyè a si:

- (1) Lekòl la apwouve chanjman yo pa ekri epi yo ba li chans pou rezoud plent pou pwosedi jidisyè a atravè yon reyinyon rezolisyon; oswa
- (2) Pa pi ta pase senk (5) jou kalandriye anvan pwosedi odyans jidisyè a kòmanse, komite odyans lan ba ou pèmasyon pou fè chanjman yo.

Si w fè chanjman nan plent pou pwosedi jidisyè w la, delè pou reyinyon rezolisyon an ak peryòd rezolisyon an (nou pale de sa anba a) ap rekòmanse nan dat yo depoze plent modifiye a.

Èske lekòl la dwe reponn plent mwen an pou pwosedi jidisyè a?

Si ou te depoze yon plent pou pwosedi jidisyè epi lekòl la pa deja voye yon avi pa ekri davans konsènan pwoblèm ki nan plent ou a, lekòl la dwe, nan dis (10) jou kalandriye apre li resevwa plent ou a, voye yon repons ba ou ki gen ladann:

- (1) Yon eksplikasyon sou rezon ki fè lekòl la pwopoze oswa refize pran aksyon ki te sòlve nan plent pou pwosedi jidisyè a;
- (2) Yon deskripsyon lòt opsyon ekip IEP a te konsidere, ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;
- (3) Yon deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, evalyasyon, dosye, oswa rapò lekòl la te itilize kòm sous pou aksyon yo pwopoze oswa refize; epi
- (4) Yon deskripsyon lòt faktè ki gen rapò ak aksyon lekòl la pwopoze oswa refize.

Ki dwa mwen genyen nan pwosedi jidisyè a?

Lè ou mande yon odyans pou yon pwosè jidisyè, ou gen dwa pou:

- (1) Genyen yon odyans jis e san patipri devan yon komite odyans twa (3) manm (oswa yon sèl ofisye odyans nan ka odyans rapid) Depatman an nonmen.
- (2) Ou dwe reprezante pa yon avoka oswa akonpaye ak konseye pa moun ki gen konesans espesyal, oswa fòmasyon sou timoun ki gen andikap.
- (3) Prezante prèv pwòp ou yo epi konfwonte ak kont-egzamine temwen k ap temwaye kont ou.
- (4) Mande temwen yo pou yo prezan.
- (5) Entèdi prèv (ki gen ladan temwayaj temwen) pou yo prezante nan odyans lan sof si yo te divilge w li omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan.
- (6) Ba w enfòmasyon sou evalyasyon yo ak rekòmandasyon ki te fèt yo te konplete o mwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan.
- (7) Resevwa yon rezime odyans lan pa ekri oswa elektwonik sou kont depans piblik.
- (8) Resevwa yon desizyon pa ekri oswa elektwonik nan men komite odyans lan oswa ofisye a.
- (9) Fè pitit ou a prezan nan odyans lan.
- (10) Fè odyans lan ouvri oswa fèmen pou piblik la.
- (11) Fè odyans lan nan yon lè ak yon kote ki rezonab pou ou menm ak pitit ou a.

Nenpòt kesyon konsènan dwa odyans yo ta dwe dirije bay komite odyans pou pwosedi jidisyè a.

Èske etablisman pitit mwen an chanje pandan pwosedi a?

Eksepte jan sa dekri pi ba a, yon timoun ki enplike nan tout odyans jidisyè oswa pwosedi jidisyè konsènan yon plent jistis dwe rete nan etablisman edikasyon li ye kounye a sof si ou menm ak lekòl la dakò sou yon lòt aranjman. Yo souvan rele sa règ pa deplase a. Si plent jidisyè a enplike premye admisyon nan yon lekòl piblik, y ap mete pitit ou a nan yon pwogram lekòl leta avèk konsantman w jiskaske tout pwosedi yo fini.

Si plent pou pwosedi jidisyè a enplike yon aplikasyon pou premye sèvis anba Pati B IDEA a soti nan yon timoun k ap fè tranzisyon soti nan Pati C IDEA a pou ale nan Pati B IDEA epi ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C paske timoun nan gen twa (3) zan, lekòl la pa oblije bay sèvis Pati C timoun nan ap resevwa yo. Si yo jwenn timoun nan elijib dapre Pati B IDEA a epi ou dakò pou timoun nan resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye pou premye fwa, annatandan rezilta pwosedi a, lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa yo ki pa nan diskisyon (sa vle di, sa ou menm ak lekòl la dakò sou yo).

Finalman, si komite odyans lan dakò avèk ou ke yon chanjman nan plasman an apwopriye, y ap trete nouvo plasman an kòm si se te yon sèl ou menm ak lekòl la te dakò pou objektif pou deside plasman edikasyon pitit ou a pandan nenpòt pwosedi tribinal ki gen rapò ak sa yo.

Kisa ki yon reyinyon rezolisyon?

Nan lespas kenz (15) jou kalandriye apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosedi jidisyè a, lekòl la dwe konvoke yon reyinyon rezolisyon. Yon reyinyon rezolisyon se yon reyinyon ant ou menm ak lekòl la konsènan plent pou pwosedi jidisyè a. Li ba ou yon opòtinite pou diskite sou plent ou a ak lekòl la, epi li ba lekòl la yon chans pou rezoud diskisyon ant ou ak li.

Reyinyon rezolisyon sa a fèt pandan peryòd rezolisyon an. Peryòd rezolisyon an se yon peryòd trant (30) jou apre w depoze yon plent pou yon pwosedi jidisyè, men anvan kòmansman karanssenk (45) jou odyans lan. Delè karanssenk (45) jou odyans lan kòmansman apre peryòd rezolisyon an e se tan ki pèmèt pou odyans lan ak pou komite a bay yon desizyon.

Reyinyon rezolisyon an dwe gen ladann ou menm ak manm ki enpòtan nan ekip IEP pitit ou a ki gen konesans espesifik sou enfòmasyon yo idantifye nan plent pou pwosedi jidisyè a. Ou menm ak lekòl la detèmine manm ki enpòtan nan ekip IEP a pou patisipe nan reyinyon an. Sepandan, reyinyon an dwe genyen yon reprezantan lekò distri a oswa yon reprezantan lekòl endepandan ki gen otorite pou pran desizyon nan non lekòl distri a oswa lekòl endepandan an. Reyinyon an pa gendwa gen ladan l avoka lekòl la sof si w akonpaye ak yon avoka.

Ou menm ak lekòl la dwe patisipe nan reyinyon rezolisyon an sof si:

- (1) Ou menm ak lekòl la dakò pa ekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an; oswa
- (2) Ou menm ak lekòl la dakò pou sèvi ak pwosesis medyasyon Patenarya Edikasyon Espesyal pou Pwogram Rezolisyon Konfli Amikal (SPARC) Univèsite Delaware lan ofri.

Ki peryòd rezolisyon an?

Si ou menm ak lekòl la dakò pou patisipe nan reyinyon rezolisyon an, karanssenk (45) jou kalandriye se kantite jou yo bay pou rezoud diskisyon an. Sepandan, si lekòl la pa rezoud plent lan nan fason ki pou satisfè w lan nan trant (30) jou kalandriye apre li resevwa l lan, karanssenk (45) jou kalandriye delè a rekòmanse, epi pwosedi odyans jidisyè a ka fèt. Peryòd trant (30) jou kalandriye a rele peryòd rezolisyon an.

Kisa k ap pase si mwen pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an?

Si ou menm ak lekòl la pa t dakò pou fè reyinyon rezolisyon an oswa pou itilize medyasyon pito, paske ou pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an sa ap retade delè pou pwosedi odyans jidisyè a. Si lekòl la pa kapab jwenn patisipasyon w nan reyinyon rezolisyon an apre li fin fè efò rezonab pou sa fèt, lekòl la gendwa, nan fen peryòd trant (30) jou kalandriye pou rezolisyon an, mande komite odyans lan rejte plent pou pwosedi jidisyè a.

Sinon, si ou menm ak lekòl la dakò pa ekri pou anile reyinyon rezolisyon an, lè sa a karanssenk (45) jou kalandriye delè pou odyans jidisyè an ap kòmanse nan demen.

Apre kòmansman medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an, men anvan fen peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a, si ou menm ak lekòl la dakò pa ekri pa gen okenn akò posib, peryòd karanssenk (45) jou kalandriye a pou odyans jidisyè a ap kòmanse nan demen.

Si ou menm ak lekòl la dakò pou itilize pwosesis medyasyon an nan fen peryòd trant (30) jou kalandriye rezolisyon an, tou de pati yo ka dakò pa ekri pou kontinye medyasyon an jiskaske yo rive jwenn yon akò. Sepandan, si swa ou menm oswa lekòl la retire nan pwosesis medyasyon an, lè sa a karanssenk (45) jou kalandriye delè pou odyans jidisyè an ap kòmanse nan demen.

E si lekòl la pa fè reyinyon rezolisyon an?

Si lekòl la pa fè reyinyon rezolisyon an nan lespas kenz (15) jou kalandriye apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosedi jidisyè a, ou ka mande komite odyans lan pou bay lòd pou karanssenk (45) jou kalandriye delè odyans lan kòmanse.

Si ou menm ak lekòl la rezoud dezakò an nan reyinyon rezolisyon an, ou menm ak lekòl la dwe devlope yon akò legal obligatwa ki:

- (1) Siyen pa ou menm ak yon reprezantan lekòl distri a oswa yon reprezantan yon lekòl endepandan ki gen otorite pou angaje lekòl distri a oswa yon lekòl endepandan; epi
- (2) Ranfòse nan nenpòt tribinal Delaware ki gen jiridiksyon konpetan oswa nan yon Tribinal Distri Etazini.

Nenpòt bò ka, oubyen, anile akò a nan twa (3) jou ouvrap apre li te siyen l.

Kisa desizyon pwosedi odyans jidisyè an pral genyen ladan l?

Desizyon pwosedi odyans jidisyè a dwe genyen ladan l konklizyon obsèvasyon yo fè ak konklizyon lwa yo. Anplis de sa, desizyon komite odyans lan sou si pitit ou a te resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis dwe baze sou rezon enpòtan. Si w te pretann lekòl la te vyole egzijans pwosedi IDEA yo, komite odyans lan ka jwenn pitit ou a pa t resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis, men sèlman si vyolasyon pwosedi yo:

- (1) Anpeche dwa pitit ou a pou l gen yon edikasyon piblik apwopriye gratis;
- (2) Antrave siyifikativman opòtinite pou w patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan si y ap bay pitit ou a yon edikasyon piblik apwopriye gratis; oswa
- (3) Ta lakòz pitit ou a pa jwenn yon benefis edikasyon espesyal la.

Èske yo ka fè apèl kont desizyon odyans lan?

Wi. Delaware se yon eta yon sèl nivo epi li ofri yon sèl nivo revizyon administratif, ki fèt pa komite odyans lan oswa ofisyè odyans lan pou pwosedi jidisyè. Desizyon final odyans lan definitiv epi li obligatwa pou tout pati yo sof si yo fè apèl kont li lè yo depoze yon aksyon sivil nan Tribinal Distri Etazini oswa nan Tribinal Fanmi Eta Delaware. Ou dwe depoze nenpòt kontestasyon nan tribinal la nan katrevendis (90) jou kalandriye apati dat desizyon final la. Tribinal yo oswa yon avoka ka ba w plis enfòmasyon sou fason pou w pote yon aksyon sivil.

Ki moun ki peye frè avoka mwen yo?

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi konsènan odyans jidisyè an, tribinal la, nan diskresyon li, ka bay frè avoka rezonab kòm yon pati nan depans pou ou kòm paran yon timoun ki gen yon andikap, si ou se pati ki genyen an. Frè yo dwe baze sou tarif ki genyen nan kominote kote aksyon an te fèt pou kalite ak nati sèvis yo bay yo. Frè yo ka redwi si:

- (1) Tribinal la konstate ou menm oswa avoka ou te retade rezolisyon final konfli a san rezon;
- (2) Frè avoka ou a depase pousantaj ki genyen nan kominote a pou travay ki fèt menm jan an;
- (3) Tan yo te pase ak sèvis legal yo te twòp; oswa
- (4) Avoka w la pa t bay enfòmasyon ki apwopriye nan avi demann pou pwosedi jidisyè a.

Frè yo p ap redwi; sepandan, si tribinal la jwenn eta a oswa lekòl la te retade rezolisyon aksyon an san rezon oswa te gen yon vyolasyon seksyon pwosedi pwoteksyon IDEA a.

Yo pa ka bay frè avoka yo pou okenn reyinyon ekip IEP a, sof si yo mande reyinyon an akòz yon pwosedi odyans jidisyè oswa aksyon jidisyè. Yon reyinyon rezolisyon pa konsidere tankou yon reyinyon yo mande apre rezilta yon pwosedi odyans jidisyè oswa aksyon jidisyè. Yo ka refize frè avoka yo tou si w rejte yon òf pou yon règleman rezonab lekòl la te fè omwen dis (10) jou kalandriye anvan odyans lan kòmanse, epi desizyon odyans lan pa pi favorab pase òf antant lan.

Kiyès ki peye frè avoka lekòl la?

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi konsènan odyans jidisyè an, tribinal la, nan diskresyon li, ka bay lekòl ki genyen an oswa eta a yon frè rezonab pou peye avoka ke avoka ou an ap bay si:

- (1) Avoka w la te depoze yon plent oswa yon aksyon jidisyè ki pa bon, ki pa rezonab, oswa ki san fondasyon; oswa
- (2) Avoka ou a te kontinye batay apre diskisyon an te vin klèman san sans, ki pa rezonab, oswa san fondasyon.

Tribinal la kapab tou bay lekòl ki genyen an oswa eta a yon frè avoka rezonab, pou w peye ou menm oswa avoka w la, si tribinal la jwenn demann ou an pou yon pwosedi odyans jidisyè oswa aksyon jidisyè ki vin apre yo te prezante pou nenpòt rezon ki pa kòrèk, tankou anmède, ki lakòz reta initil, oswa ogmante depans pwosedi yo san neseseite.

PWOSEDI POU POTE PLENT DEVAN ETA A

Èske genyen lòt fason pou rezoud diskisyon sou edikasyon pitit mwen an?

Wi. Anplis pwosedi odyans jidisyè ak medyasyon, Depatman an pral mennen ankèt epi rezoud plent ki fè konnen vyolasyon Pati B IDEA a. Nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze plent devan eta a. Depatman an dwe rezoud tou plent ki fè konnen yon lekòl pa t respekte yon desizyon yon panèl pwosedi odyans jidisyè oswa yon ofisye odyans te pran deja.

Ki diferans ki genyen ant pwosedi odyans jidisyè ak pwosedi plent devan eta a?

IDEA ak Règleman Depatman Edikasyon tabli pwosedi separe pou plent devan eta a ak plent pou pwosedi jidisyè ak odyans. An jeneral, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent devan eta a epi akize yon vyolasyon Pati B nan IDEA oswa Règleman Depatman Edikasyon an. Sepandan, se sèlman ou menm oswa yon lekòl ki gendwa depoze yon plent pou pwosedi jidisyè sou nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa refi pou kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa etablisman nan edikasyon yon timoun ki gen yon andikap, oswa bay yon edikasyon piblik apwopriye gratis pou yon timoun.

Anplis de sa, Depatman an dwe rezoud yon plent devan eta a nan yon delè swasant (60) jou kalandriye. Sepandan, yon komite odyans pou pwosedi jidisyè dwe tande plent lan epi bay yon desizyon pa ekri nan yon delè karanssenk (45) jou kalandriye (apre ekspirasyon peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a).

Kouman pou mwen depoze yon plent devan eta a?

Nenpòt òganizasyon prive oswa piblik, ajans piblik, oswa moun, ki gen ladan yon moun ki soti nan yon lòt eta, ka depoze yon plent devan eta a siyen pa ekri. Plent yo dwe pa ekri, siyen pa moun ki pote plent lan, epi yo dwe genyen ladan yo:

- (1) Yon deklarasyon lekòl la (oswa nenpòt lòt ajans piblik) te vyole yon egzijans IDEA oswa Règleman Depatman Edikasyon Delaware konsènan edikasyon timoun andikape yo;
- (2) Obsèvasyon yo sou kisa ki sous deklarasyon an;
- (3) Siyati ak enfòmasyon kontak pou moun ki pote plent lan, ak reprezantan legal, si genyen, oswa moun ki reprezante yon ajans piblik oswa yon òganizasyon prive ki depoze yon plent;
- (4) Si se yon ka vyolasyon konsènan yon timoun espesifik:
 - (a) Non timoun nan ak adrès kote li rete;
 - (b) Non lekòl kote timoun nan ale a;
 - (c) Nan ka yon timoun oswa jèn ki san kay, enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan ak non lekòl kote timoun nan ale;
 - (d) Yon deskripsyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan obsèvasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan;
 - (e) Yon pwopozisyon rezolisyon pwoblèm lan nan limit pati ki depoze plent la konnen epi ki disponib nan moman yo depoze li; epi

- (f) Yon deskripsyon tantativ yo te fè pou rezoud pwoblèm yo anvan yo depoze plent lan, si moun ki pote plent lan vle bay enfòmasyon sa yo. (Remake byen, Depatman an ap kontinye ak ankèt la si moun ki pote plent lan refize bay enfòmasyon sa yo).

Plent yo dwe akize yon iregilarite ki te fèt pa plis pase yon (1) lane anvan dat Depatman an te resevwa plent lan. Yo dwe remèt plent lan nan men, pa lapòs, faks, oswa imèl bay:

Direktè
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, Delaware 19901
(302) 739-4654 (Faks)
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman an te devlope yon fòmilè pou ede paran yo depoze yon plent. Yon kopi fòmilè Plent Eta Edikasyon Espesyal la tache nan do Avi sa a. Moun k ap depoze plent lan ka kontakte tou (302) 735-4210 pou mande yo voye fòmilè an pa lapòs. Ou ka jwenn fòmilè sa a, ansanm ak lòt resous ki gen ladan règleman IDEA yo, règleman eta a, ak rezilta etid ka yo sou Entènèt nan <http://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>.

Moun k ap pote plent lan dwe voye yon kopi plent lan tou bay lekòl la oswa lòt ajans piblik k ap sèvi timoun nan, nan menm moman yo voye plent lan bay Depatman an.

Ki jan Depatman an trete plent devan eta mwen an?

Lè Depatman an resevwa yon plent, li pral:

- (1) Fè yon ankèt endepandan, ki gen ladan yon ankèt sou plas, si li detèmine yo nesèsè.
- (2) Bay moun ki pote plent lan opòtinite pou l soumèt plis enfòmasyon, swa aloral oswa alekri, sou akizasyon ki nan plent lan.
- (3) Bay lekòl la opòtinite pou reponn plent lan, ki gen ladan chans pou fè yon pwopozisyon pou rezoud plent la, ak yon opòtinite pou moun ki pote plent lan ak lekòl la dakò pou angaje yo nan medyasyon.
- (4) Revize tout enfòmasyon ki enpòtan epi pran yon desizyon endepandan pou konnen si lekòl la ap vyole IDEA oswa Règleman Depatman Edikasyon Delaware.
- (5) Bay moun ki pote plent lan yon desizyon pa ekri ki abòde chak akizasyon ki nan plent lan epi ki gen ladann konklizyon obsèvasyon ak konklizyon yo, ak rezon desizyon final li a.

Depatman an dwe fini ankèt li epi bay desizyon pa ekri li nan swasant (60) jou kalandriye. Depatman an gendwa pèmèt yo pwolonje tan si sikonstans eksepsyonèl jistifye yon tan ki pi long, oswa moun ki pote plent lan ak lekòl la dakò pou yon pwolonje tan pou rezoud pwoblèm nan atravè medyasyon oswa lòt mwayen. Si Depatman an detèmine lekòl la pa t bay sèvis apwopriye, Depatman an dwe egzamine kijan pou repare refi sèvis yo ak fason pou asire sèvis apwopriye alavni pou tout timoun andikape yo.

Sistèm pwosedi odyans jidisyè ak pwosedi pou plent devan eta a *pa* eksklizif youn pou lòt. Ou ka itilize swa pwosedi pou plent devan eta a oswa sistèm pwosedi odyans jidisyè a pou rezoud konfli sou edikasyon pitit ou a. Si Depatman an resevwa yon plent devan eta a ki deja sijè a yon pwosedi odyans jidisyè, Depatman an dwe mete sou kote pati plent yo ap adrese nan pwosedi odyans jidisyè a jiskaske

odyans lan fini. Nan ka sa a, desizyon odyans lan ap obligatwa pou ankèt Depatman an. Si yon plent genyen kèk pwoblèm yap adrese nan pwosedi odyans jidisyè a ak kèk ki pa genyen, Depatman an dwe kontinye ankèt li sou sa yo pa konsidere nan pwosedi jidisyè a. Anplis de sa, Depatman an kapab rezoud yon plent devan eta a ki pretann yon lekòl pa aplike yon desizyon pwosedi odyans jidisyè.

PWOSEDI POU DISIPLINE TIMOUN KI ANDIKAPE

Èske yo ka sispann oswa mete pitit mwen an deyò?

Wi. Timoun andikape yo ka sispann, mete deyò oswa mete yo nan lòt etablisman pwovizwa altènatif oswa lòt etablisman nan menm limit opsyon sa yo ta dwe itilize pou timoun ki pa gen andikap, men ki sijè a règ espesifik ak kondisyon. Ou gen dwa pou reponn a sèten aksyon disiplinè yo pran ak pitit ou a.

Administratè lekòl yo ka retire yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd konduit nan etablisman eskolè li ye kounye a epi deplase timoun lan nan yon etablisman edikasyon altènatif pwovizwa apwopriye toutotan konpòtman an pa yon manifestasyon andikap timoun nan.

Èske pitit mwen an ap resevwa sèvis pandan yo sispann li oswa mete l deyò nan lekòl la?

Lekòl la ka retire yon timoun ki gen yon andikap nan etablisman eskolè aktyèl timoun nan pou yon total dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl san yo pa bay sèvis edikasyon.

Sinon, si yo retire yon timoun ki gen yon andikap nan etablisman eskolè li pou plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl, lekòl la dwe ba l sèvis pandan nenpòt jou ki vin apre yo retire elèv la ki pral pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la (byenke nan yon lòt kad), ak pou pwogrese nan atenn objektif IEP timoun nan. Si ranvwa a se yon chanjman nan etablisman pou rezon disiplinè, ekip IEP timoun nan detèmine sèvis apwopriye ki nesèsè. Lekòl la dwe bay tou, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon konpòtman ak modifikasyon ki fèt pou adrese konpòtman an pou li pa rive ankò.

Kisa yon chanjman etablisman pou rezon disiplinè ye?

Yon chanjman etablisman rive si:

- (1) Yo retire timoun nan pou plis pase dis (10) jou lekòl youn dèyè lòt nan yon ane lekòl; oswa
- (2) Timoun nan te sibi plizyè sispansyon ki konstitye yon modèl paske:
 - (a) Seri sispansyon yo totalize plis pase dis (10) jou lekòl nan yon ane lekòl;
 - (b) Konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman timoun lan nan ensidan anvan yo ki te lakòz yon seri ranvwa; epi
 - (c) Faktè adisyonèl tankou longè chak ranvwa, kantite tan total timoun nan yo te sispann li, ak pwoksimite ranvwa yo youn ak lòt; oswa
- (3) Timoun nan te sibi yon seri ranvwa nan lekòl la ki totalize plis pase dis (10) jou lekòl epi li anpeche timoun nan atenn objektif ki tabli nan IEP a, pwogrese nan kourikoulòm jeneral la (byenke nan yon lòt anviwònman), epi resevwa sèvis ak modifikasyon sa yo ki dekri nan IEP a; oswa
- (4) Timoun nan te sibi yon seri ranvwa (4) transpò ki lakòz timoun nan absans lekòl pou plis pase dis (10) jou lekòl.

Si yon modèl ranvwa konstitye yon chanjman nan etablisman an yo detèmine sou yon baz ka-pa-ka.

Ki mezi lekòl la dwe pran pou chanje etablisman pitit mwen an pou rezon disiplinè?

Si lekòl la deside chanje etablisman nan edikasyon pitit ou a pou rezon disiplinè, lekòl la dwe fè w konnen desizyon li pran, ba ou yon kopi Pwosedi Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Dwa Timoun nan Edikasyon Espesyal la, epi fè yon reyinyon ekip pou detèmine si move konduit pitit ou a se te yon manifestasyon andikap li. Yo refere ak sa kòm desizyon manifestasyon. Reyinyon an dwe fèt imedyatman, si sa posib, oswa nan dis (10) jou lekòl apre desizyon an pou pran jan de aksyon disiplinè sa a. Lekòl la, paran timoun nan, ak manm ki enpòtan nan ekip IEP timoun nan dwe patisipe nan reyinyon desizyon manifestasyon an. Manm ekip yo dwe revize tou, tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye pitit ou a, tankou IEP a, nenpòt obsèvasyon pwofesè a, ak nenpòt enfòmasyon enpòtan ou bay.

Kisa k ap pase nan yon reyinyon desizyon manifestasyon?

Manm ekip yo dwe reponn de (2) kesyon:

- (1) Èske ensidan konpòtman an kesyon an te koze pa andikap pitit ou a oswa te gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak andikap li a?
- (2) Èske ensidan konpòtman an kesyon an se rezilta dirèk nan echèk lekòl la pou aplike IEP a?

Si ekip la reponn wi pou nenpòt kesyon, ensidan konpòtman an dwe konsidere kòm yon manifestasyon andikap pitit ou a.

Si ekip la detèmine konpòtman an se rezilta dirèk lekòl la pa aplike IEP a, lekòl la dwe pran aksyon imedyata pou remedye ak difisyan sa yo.

E si ensidan konpòtman an te yon manifestasyon andikap pitit mwen an?

Si ekip la detèmine ensidan konpòtman an se te yon manifestasyon andikap pitit ou a, ekip la dwe swa:

- (1) Fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl (sòf si lekòl la te deja fè youn anvan konpòtman an te fèt) epi aplike yon plan entèvansyon konpòtman pou pitit ou a; oswa
- (2) Si yon plan entèvansyon sou konpòtman an deja devlope, revize plan an, epi modifye li, jan sa nesèsè, pou adrese konpòtman an.

Eksepte jan sa dekri anba a nan “Èske gen sikonstans espesyal lè yo ka mete pitit mwen an nan yon etablisman edikasyon altènatif pwovizwa?,” lekòl la dwe retounen pitit ou a nan etablisman yo te retire li a sof si ou menm ak lekòl la dakò ak yon lòt etablisman.

E si ensidan konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap pitit mwen an?

Si ensidan konpòtman an pa t yon manifestasyon andikap pitit ou a, lekòl la ka aplike menm pwosedi disiplinè pou pitit ou a nan menm fason ak pou menm dire ak timoun ki pa gen andikap, tankou sispansyon ak ekspilasyon.

Èske gen sikonstans espesyal kote yo ka mete pitit mwen an nan yon etablisman altènatif pwovizwa?

Wi, lè konpòtman an enplike posesyon dwòg oswa zam, oswa enplike blesi kòporèl grav. Yon lekòl ka retire yon timoun ki gen yon andikap nan yon etablisman eskolè altènatif pwovizwa apwopriye lè: (1) timoun nan pote yon zam nan lekòl la, oswa gen yon zam nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa nan yon aktivite anba otorite lekòl la oswa eta a; (2) timoun nan konnen li posede oswa itilize dwòg ilegal, oswa vann oswa mande pou vann yon sibstans kontwòle, pandan li nan lekòl la, oswa yon aktivite anba otorite lekòl la oswa eta a; oswa (3) timoun nan bay yon lòt moun blesi kòporèl grav pandan li nan lekòl la, nan lokal lekòl la, oswa yon aktivite anba otorite lekòl la oswa eta a. Nan sitiasyon sa yo, lekòl la ka mete timoun lan nan yon etablisman eskolè altènatif pwovizwa pou jiska karant-senk (45) jou lekòl san yo pa konsidere konpòtman sa a se yon manifestasyon andikap timoun nan. Ekip IEP timoun nan detèmine etablisman an. Timoun nan dwe retounen nan etablisman regilye a nan fen peryòd karanssenk (45) jou lekòl la te retire l la.

Etablisman altènatif pwovizwa a dwe pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm jeneral la (byenke l nan yon lòt etablisman), epi pou l pwogrese nan atenn objektif ki etabli nan IEP timoun nan. Li dwe gen ladan l tou, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, ak sèvis entèvansyon ak modifikasyon ki adrese konpòtman ki te mennen nan ranvwa pwovizwa a epi ki fèt pou anpeche konpòtman an repete.

Paran yon timoun ki gen yon andikap ka depoze yon plent pou mande yon odyans akselere si paran an pa dakò ak desizyon lekòl la pran pou retire timoun lan nan yon kad edikasyon altènatif pwovizwa akòz dwòg, zam, oswa enflije yon timoun blesi kòporèl grav.

Èske genyen lòt rezon ki fè pitit mwen an ka plase nan yon etablisman edikasyon altènatif pwovizwa?

Lekòl la ka mande yon odyans akselere pou mete timoun lan nan yon etablisman eskolè altènatif pwovizwa pou jiska karanssenk (45) jou lekòl, si lekòl la kwè kenbe timoun lan nan etablisman aktyèl la gen anpil chans pou lakòz timoun nan blese, oswa l blese yon lòt moun. Lekòl la ka mande plis odyans akselere ak etablisman altènatif nan fen premye chanjman etablisman an, si li kwè mezi li te pran an toujou nesèsè.

Kisa ki yon pwosesis odyans akselere?

Antanke paran, ou se yon manm ekip IEP pitit ou a epi yo pral envite w patisipe nan nenpòt reyinyon ekip IEP (yo). Si ou pa dakò ak desizyon ekip la konsènan detèminasyon manifestasyon an, oswa ou kwè lekòl la pa respekte pwosedi disiplin ak transfè an, ou ka mande yon odyans akselere nan men Sekretè Edikasyon an.

Pwosesis odyans akselere a sanble anpil ak pwosedi odyans jidisyè regilye yo, men se yon sèl ofisye odyans (olye yon panèl twa [3] moun) ki tande yo epi yo dwe fèt nan ven (20) jou lekòl apre dat yo resevwa plent lan pa Depatman an san reta oswa pwolongasyon. Ofisye odyans lan dwe pran yon desizyon dis (10) jou lekòl apre odyans lan fini. Yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan sèt (7) jou kalandriye apre yo fin resevwa avi pou plent pou pwosedi odyans jidisyè a (sof si paran yo ak lekòl la dakò pa ekri pou yo renonse ak reyinyon rezolisyon an oswa itilize medyasyon pito). Pwosedi odyans jidisyè a gendwa kontinye amwenske pwoblèm nan te rezoud ak satisfaksyon tou de pati yo nan kenz (15) jou kalandriye apre yo te resevwa plent pou pwosedi jidisyè a.

Nan yon odyans akselere, ofisye odyans lan ka:

- (1) Retounen timoun lan nan etablisman kote yo te retirel la si ofisye odyans lan detèmine konpòtman timoun nan se te yon manifestasyon andikap timoun nan, oswa retire elèv la se yon vyolasyon règ disiplinè yo; oswa
- (2) Bay lòd pou yo mete l nan yon etablisman aprantisaj altènatif pwovizwa ki apwopriye pou jiska karanssenk (45) jou lekòl, si ofisye odyans lan detèmine kenbe etablisman aktyèl timoun nan gen anpil chans pou lakòz timoun nan, oswa lòt moun blese.

Yon pati ka fè apèl kont desizyon an nan yon odyans jidisyè akselere, menm jan ak desizyon ki fèt nan lòt pwosedi odyans jidisyè yo.

Èske etablisman pitit mwen an chanje pandan pwosedi odyans akselere an?

Lè paran an oswa lekòl la te depoze yon plent pou yon pwosedi jidisyè pou yon odyans akselere, timoun nan dwe rete nan etablisman eskolè altènatif pwovizwa a an atandan ofisye odyans lan pran yon desizyon (sof si paran an ak lekòl la te dakò ak yon lòt aranjman).

Èske pitit mwen an benefisye pwoteksyon si li pa t idantifye kòm yon timoun ki bezwen edikasyon espesyal ak lòt sèvis ki gen rapò?

Sa depan. Si yo pa detèmine pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li epi li vyole règ disiplinè lekòl la, timoun nan ka fè reklamasyon nenpòt nan pwosedi pwoteksyon yo si lekòl la te konnen pitit ou a te yon timoun andikape anvan move konduit oswa konpòtman an te fèt.

Yo konsidere yon lekòl gen konesans si, anvan konpòtman ki te lakòz aksyon disiplinè a, bagay sa yo te rive:

- (1) Ou te eksprime enkyetid ou pa ekri pou di pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo a pèsonèl sipèvizyon oswa administratif nan lekòl la, oswa pwofesè pitit ou a;
- (2) Ou te mande yon evalyasyon pou detèmine si pitit ou an elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo; oswa
- (3) Pwofesè pitit ou a oswa lòt pèsonèl lekòl la te eksprime enkyetid espesifik konsènan yon modèl konpòtman pitit ou demontre dirèkteman bay direktè edikasyon espesyal lekòl distri a oswa bay lòt pèsonèl sipèvizyon.

Yo pa ka konsidere yon lekòl gen konesans sa a si ou pa otorize evalyasyon pitit ou a, si ou refize sèvis edikasyon espesyal la, oswa si yo evalye pitit ou a epi yo jwenn li pa yon timoun andikape nan sans IDEA a.

Si lekòl la pa t konnen andikap pitit ou a anvan li te pran aksyon disiplinè an, li ka discipline pitit ou a dapre menm mezi ak pwosedi yo te aplike pou timoun ki pa gen andikap.

Si w mande yon evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal pandan pitit ou a sibi yon aksyon disiplinè, lekòl la dwe fè yon evalyasyon rapid. Jiskaske evalyasyon an fini, pitit ou a ap sibi desizyon lekòl la, ki ka gen ladan l sispansyon oswa mete l deyò san sèvis edikasyon. Si pitit ou a kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo, yo dwe bay pitit ou a yon pwogram edikasyon espesyal apwopriye, ki gen ladan pwosedi pwoteksyon ki gen rapò ak disiplin ak lòt ranvwa.

Èske lekòl la ka rapòte konpòtman pitit mwen an bay yon ajans ki fè respekte lalwa?

Si pitit ou a te komèt yon krim, lekòl la gendwa rapòte l bay sèvis polis ki apwopriye yo. Lwa eta a *egzije* pou lekòl yo rapòte sèten krim nan lekòl yo bay yon ajans ki fè respekte lalwa menm si sa enplike yon timoun ki gen yon andikap. Lekòl la dwe bay ajans ki fè respekte lalwa dosye edikasyon espesyal ak dosye disiplinè pitit ou a lè li rapòte krim lan, nan limit ki pèmèt sa dapre Lwa sou Dwa Edikasyon pou Fanmi ak Enfòmasyon Prive (FERPA). Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou FERPA nan dokiman sa a nan seksyon, AKSÈ A DOSYE EDIKASYON.

TIMOUN KI NAN LEKÒL PRIVE YO

Kilè ranbousman obligatwa pou ekolaj nan lekòl prive yo dwe fèt?

Pati B IDEA a pa egzije yon lekòl distri pou peye pou depans edikasyon, ki gen ladan edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo, pou pitit ou a ki andikape ki nan yon lekòl oswa yon etablisman prive si lekòl la te mete yon edikasyon piblik apwopriye gratis disponib pou ou epi ou chwazi mete timoun lan nan yon lekòl oswa yon etablisman prive. Sepandan, lekòl distri kote lekòl prive a ye a dwe mete pitit ou a nan popilasyon ki gen bezwen yo dwe abòde dapre dispozisyon Pati B yo konsènan timoun paran l mete l nan lekòl prive. Chanjman nan lwa federal la te limite responsablite lekòl la pou bay sèvis pou elèv paran yo te chwazi mete yo nan yon lekòl prive. Lwa federal kounye a egzije pou lekòl yo depanse sèlman yon pati pwopòsyonèl nan fon federal IDEA nan sikonstans sa yo.

Lekòl la ak eta a ka dakò pou yo mete yon timoun andikape nan yon lekòl prive oswa yon etablisman nan sèten sitiyasyon. Sinon, si pitit ou a te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo, ou gen dwa pou jwenn ranbousman pou depans ki asosye ak yon transfè nan yon lekòl prive, sèlman si yon tribinal oswa yon komite odyans detèmine lekòl la pa t bay pitit ou a yon edikasyon piblik apwopriye gratis nan yon fason apwopriye, epi transfè nan lekòl prive a apwopriye.

Kilè yo ka diminye oswa refize ranbousman pou depans lekòl prive yo?

Tribinal la oswa komite odyans lan ka diminye oswa refize ranbousman pou depans lekòl prive yo, si ou pa t kite yo pase pitit ou a yon evalyasyon (sou demann lekòl la) anvan ou te retire pitit ou a nan lekòl leta a. Tribinal la ka diminye oswa refize ranbousman tou, si li wè ou te ajì san rezon lè w te mete pitit ou a nan lekòl prive a.

Yo ka refize w ranbousman tou si w pa t enfòmè lekòl la ou t ap rejte etablisman edikasyon espesyal lekòl la pwopoze a, epi ou pa t bay yon avi konsènan enkyetid ou ak entansyon w pou w enskri pitit ou a nan yon lekòl prive sou kont depans piblik la. Nan ka sa a, ou dwe remèt notifikasyon pou lekòl la swa:

- (1) Nan dènye reyinyon IEP ou te asiste anvan ou retire pitit ou a nan lekòl piblik la; oswa
- (2) Pa ekri bay lekòl la o mwen dis (10) jou ouvrab (jou ferye ladan l) anvan ou retire pitit ou a nan lekòl piblik la.

Kilè yo pa ka diminye oswa refize ranbousman an?

Yon tribinal oswa yon komite odyans pa dwe redwi oswa refize ranbousman ba ou si ou pa t fè lekòl la konnen plan ou genyen pou retire pitit ou a paske:

- (1) Bay yon avi ka lakòz yo blese pitit ou a fizikman;
- (2) Lekòl la anpeche w bay avi a; oswa
- (3) Ou pa t resevwa yon kopi Pwosedi Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Dwa Timoun nan Edikasyon Espesyal, oswa yo pa t enfòmè w sou responsablite w pou w fè lekòl la konnen entansyon w pou retire pitit ou nan lekòl leta a.

Yon tribinal oswa yon komite odyans ka, nan diskresyon li, pa diminye oswa refize w ranbousman an, si ou pa fè lekòl la konnen plan ou genyen pou retire pitit ou a paske:

- (1) Ou pa konn li oswa ou pa kapab ekri an anglè; oswa
- (2) Si w bay yon avi, sa ka lakòz pitit ou a yon gwo domaj emosyonèl.

ANÈKS

Fòmilè Demann Medyasyon pou Edikasyon Espesyal.....	A-1
Fòmilè pou Plent pou Pwosedi Jidisyè ak Demann pou Odyans Jidisyè	A-2
Fòmilè Plent pou Eta pou Edikasyon Espesyal	A-3

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
<https://education.delaware.gov/>

REKÈT POU FÒMILÈ DEMANN MEDYASYON POU EDIKASYON ESPESYAL

Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) bay medyasyon pou ede paran yo, lekòl distri yo, ak lekòl endepandan yo nan rezolisyon diskisyon konsènan pwovizyon sèvis edikasyon espesyal dapre Lwa Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ak lwa Delaware ki koresponn lan. Yo bay paran an, lekòl distri a, oswa lekòl endepandan yo medyasyon an gratis. Tout pati yo dwe dakò pou yo eseye medyasyon an anvan yo ka eseye fè li. Yo ka mande medyasyon an lè yo soumèt demann alekri sa a bay Depatman an:

Non Moun ki ap Mande Medyasyon an:

Adrès:

Nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____

Non Timoun nan: _____

Lekòl Distri/Lekòl Endepandan: _____

Non Lekòl la: _____

Relasyon w ak Elèv la (tcheke youn):

Paran Gadyen Lòt _____

Lekòl Distri oswa Lekòl Endepandan

Bay yon deskripsyon tou kout sou diskisyon ki enplike edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò yo:

Bay yon deskripsyon tou kout sou tantativ yo te fè pou rezoud konfli a anvan ou mande medyasyon:

Siyati Moun k ap Mande Medyasyon:

_____ (Siyati)

_____ (Dat)

VOYE L PA LA PÒS, LIVRE L NAN MEN, FAKSE L, OSWA VOYE IMEL DEMANN OU BAY:

Direktè
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman an aksepte demann Medyasyon yo pa Imèl.

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
<https://education.delaware.gov/>

FÒMILÈ PLENT POU PWOSEDI JIDISYÈ AK DEMANN POU PWOSEDI ODYANS JIDISYÈ

Depatman Edikasyon Delaware lan (Depatman) bay Fòmilè Plent pou Pwosedè Jidisyè ak Demann pou Pwosedè Odyans Jidisyè an akò ak Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA), ak règleman federal ak eta yo. ***Yon paran oswa yon ajans piblik kapab depoze yon plent pou pwosedè odyans jidisyè konsènan: (1) idantifikasyon an; (2) evalyasyon an; (3) etablisman edikasyon an; ak/oswa (4) bay yon timoun ki gen andikap yon edikasyon piblik apwopriye gratis.*** Paran yo oswa ajans piblik yo kapab, men yo pa oblije sèvi ak fòmilè sa a lè y ap depoze yon plent pou pwosedè odyans jidisyè. Pou plis enfòmasyon, tanpri al gade Gid Enfòmasyon sou Pwosesis Depatman an sou sitwèb Depatman an nan: <https://education.delaware.gov/> oswa kontakte (302) 735-4210. Ou ka refere tou nan règleman Depatman an konsènan pwosedè odyans jidisyè nan 14 DE Admin Code §§ 926.7.0 jiska 18.0 ak règleman federal nan 34 C.F.R. §§ 300.507 jiska 518.

(1) Non Paran oswa Ajans Piblik k ap depoze plent lan:

Adrès:

Nimewo Telefòn:

Imèl:

Relasyon w ak Elèv la (tcheke youn):

Paran Gadyen Defansè Lòt _____

(2) Enfòmasyon Elèv lan:

Non Elèv la: _____

Adrès:

Lekòl Elèv la ale:

(Remak: Nan ka yon timoun oswa jèn ki san kay, tanpri bay tout enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan).

(3) Èske sa se yon demann pou yon Odyans sou Pwosedi Jidisyè Akselere?

Wi Non

Yon paran gendwa depoze yon plent pou pwosesis jidisyè akselere lè yo pa dakò ak kèlkeswa desizyon an konsènan yon transfè disiplinè oswa yon detèminasyon manifestasyon, oswa yon lekòl distri oswa yon lekòl endepandan ki kwè ke kenbe etablisman aktyèl la pou timoun nan gen anpil chans lakòz blezi pou timoun nan. oswa lòt moun yo.

Si w te chwazi Wi, pi wo a, dekri poukisa plent pwosedi jidisyè sa a ta dwe akselere:

(4) Bay yon deskripsyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan obsèvasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan:

(5) Bay yon rezolisyon w pwopoze pou pwoblèm nan (nan limit konesans ou ak disponibilite w):

(6) Siyati Paran oswa Ajans Piblik k ap Depoze Plent Pwosedi Jidisyè a:

(Siyati) (Dat)

**POU DEPOZE PLENT PWOSEDI JIDISYÈ OU A, VOYE LI PA LAPÒS ETAZINI, LIVRE ALMEN,
FAKSE L, OSWA VOYE IMEL DEMANN OU BAY:**

Sekretè Edikasyon
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman an aksepte plent pou pwosedi jidisyè yo pa imèl.

Remak Enpòtan:

Ou dwe voye yon kopi plent pou pwosedi legal la tou bay pati opoze a an menm tan ou voye l bay Sekretè Edikasyon an. Pati opoze a kapab lekòl distri a, lekòl endepandan oswa lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la, oswa paran oswa gadyen elèv la.

Depatman Edikasyon Delaware
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, DE 19901
Telefòn: (302) 735-4210
Faks: (302) 739-4654
<https://education.delaware.gov/>

EDIKASYON ESPESYAL FÒMILÈ POU PLENT DEVAN ETA A

Depatman Edikasyon Delaware lan (Depatman) bay Fòmilè pou Plent Edikasyon Espesyal Eta sa a an akò ak Lwa sou Edikasyon Moun Andikape yo (IDEA), ak règleman federal ak eta yo. Moun oswa òganizasyon ki vle depoze yon plent devan eta a kapab, men yo pa oblije itilize fòmilè sa a. Remake byen, yo dwe bay Depatman an tout enfòmasyon ki mande nan fòmilè sa a anvan yon ankèt kapab kontinye, eksepte pou kote yo make ki pa obligatwa. Ou ka itilize fèy adisyonèl jan sa nesèsè epi tache dokiman ki enpòtan pou sipòte akizasyon ou yo. Pou plis enfòmasyon sou depoze yon plent devan eta a, tanpri al gade Pwosedri pou plent Edikasyon Espesyal Eta Depatman an sou sitwèb Depatman an nan: www.doe.k12.de.us oswa kontakte (302) 735-4210. Ou ka refere w tou nan règleman Depatman an konsènan plent eta a yo jwenn nan 14 DE Admin Code §§ 923.51.0 jiska 53.0 ak règleman federal nan 34 C.F.R. §§ 300.151 jiska 153.

(1) Non Moun oswa Òganizasyon ki ap Depoze Plent lan:

Adrès:

Nimewo telefòn:

Imèl:

Relasyon w ak Elèv la (tcheke youn):

Paran Gadyen Defansè Lòt _____

(2) Enfòmasyon sou Elèv la, si W ap Akize yon Vyolasyon ki Gen Rapò ak yon Elèv Espesifik:

Non Elèv la: _____

Adrès: _____

Lekòl Elèv la ale: _____

(Remak: Nan ka yon timoun oswa jèn ki san kay, tanpri bay nenpòt enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan).

Bay yon deskripsyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan obsèvasyon ki gen rapò ak pwoblèm nan:

Bay yon rezolisyon w pwopoze pou pwoblèm nan (nan limit konesans ou ak disponibilite w):

Si ou vle: Bay yon deskripsyon tantativ yo te fè pou rezoud pwoblèm (yo) anvan ou depoze plent sa a:

(3) Bay yon deklarasyon ke lekòl distri a, lekòl endepandan oswa lòt ajans piblik vyole yon egzijans Pati B IDEA a oswa règleman Depatman sou Edikasyon espesyal, ak enfòmasyon sou obsèvasyon ki se sous deklarasyon an. (Si ou vle: Mete espas tan ensidan an(yo) te rive. Remake byen, swadizan vyolasyon an(yo) pa dwe fèt plis pase yon lane anvan dat Depatman an resevwa plent devan eta a.)

(4) Siyati Moun oswa Òganizasyon k ap Depoze Plent devan Eta a:

(Siyati)

(Dat)

**POU DEPOZE PLENT OU DEVAN LETA, VOYE LI PA PA LAPÒS ETAZINI, LIVRE ALAMEN,
FAKSE L, OSWA VOYE IMÈL DEMANN OU BAY:**

Direktè
Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo
Depatman Edikasyon Delaware
Batiman John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, Delaware 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Depatman an aksepte plent devan eta yo pa imèl.

Remak Enpòtan:

Ou dwe voye yon kopi plent lan tou bay lekòl distri a, lekòl endepandan oswa lòt ajans piblik k ap sèvi elèv la an menm tan ou depoze plent lan nan Depatman Edikasyon an.